ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№135 (24.885) • 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 11, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщlэхэр ди гъащlэм нэхъ куууэ къыхохьэ, ар псынщlэ икlи тынш къытщащlу. Мы куаркодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щlыпlэ ущыlэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кlэщl дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икlи къебгъэхьын папщlэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цlэ-унэцlэмрэ хэщlапlэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкlэ къыдэкl газет закъуэм адэкlи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

ЩIалэгъуалэм ягъуэт гулъытэм хохъуэ

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ щIалэгъуалэ политикэм зегъэужьынымкIэ егъэджэныгъэ курсхэу «Къуэдзэхэм я школ» фIэщыгъэр зиIэ зэхыхьэм кърихьэлIахэм. Ар мы махуэхэм ди республикэм и къалащхьэ Налшык щокIуэкI.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я унэм щызэхуэсащ а егъэджэныгъэхэм хэтынухэр. Ди IэщIагъэлIхэм нэмыщI, абы къекIуэлIащ Ставрополь крайм и къэрал властым, щIыналъэхэм унафэр щызезыгъакIуэ IэнатIэхэм, курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я лIыкIуэхэр. А псоми фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ КIуэкIуэ Казбек.

- Ди къэралым и Президент Путин Владимир и фIыгъэкIэ нобэ Урысей Федерацэм щIалэгъуалэм папщIэ лэжьыгъэфI куэд щокIуэкI. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, апхуэдэ къэрал гулъытэм и щапхъэщ дызыхэт зэIущIэр щекIуэкI ЩIалэгъуалэм я унэр. Сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ Ставрополь крайм и пашэ Владимиров Владимир и нэIэм щIэт щIыналъэм къихъуэ щIалэгъуалэми гугъэфIхэмрэ мурадыфIхэмрэ зэрахуиIэм. Владимировымрэ сэрэ къуэш хуэдэу дызэбгъэдэтщи, си гуапэщ абы фэ къыфхуэгъэзауэ иIэ хъуэпсапIэ псори нахуапIэ хъуну. Нобэ ди республикэм фыкъэкIуауэ мы Iуэху дахэм фызэрыхэтыр а лэжьыгъэфIхэм ящыщщ. ЩIалэгъуалэ политикэр егъэфIэкIуэным дапщэщи мыхьэнэшхуэ иIэщ, атIэми псом хуэдэжкъым иджырей лъэхъэнэр. Сэ сыт щыгъуи жызоIэ ди щIалэгъуалэр дэ дымыгъасэмэ, а Iуэхур зэфIэзыхын нэгъуэщI куэд къызэрыкъуэкIынур. Ауэ щыхъукIи, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэмрэ гупсысэхэмрэ а Iуэхум лъабжьэ хуащIу. Шэч хэмылъу, ди деж щекIуэкIыну зэхуэсым фызэрыхэтым Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыпсэухэм яку дэлъ къуэш зэхущытыкIэр нэхъри иригъэфIэкIуэнущ. Си гуапэщ лэжьыгъэфI, купщIафIэ къефхьэлIэну, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

«Къуэдзэхэм я школыр» къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрымрэ Ставрополь крайм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэмрэ. Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи диIыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм. ЗэIущIэм и утыкухэм IэщIагъэлIхэр щызэдэгуэшэнущ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ яхуэгъэза я Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ, зэгъусэу зэдагъэзэщIэну проект зэмылIэужьыгъуэхэри яубзыхунущ. ЕкIуэкIыну лэжьыгъэм и планым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, щIыналъэхэм я IэщIагъэлIхэм наIуэ къащIынущ ехъулIэныгъэ къызыпэкIуа лэжьыгъэ купщIафIэхэр, абыхэмкIэ хьэщIэхэри бысымхэри зэхъуэжэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЦIыхухэр зыщыгуфIыкI зэхъуэкIыныгъэхэр

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ дыгъуасэ IущIащ Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим. Ахэр тепсэлъыхьащ социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ къалэм адэкIи зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэм.

НЭХЪ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэу къыхагъэщахэм ящыщщ мы гъэм Бахъсэн къалэм поликлиникэр къызэрыщагъэщIэрэщIэжар. Ар къызыхуэтыншэу зэрызэрамыгъэпэщыжрэ илъэс 50-м щIигъуат, унэр жьы дыдэ хъуат икIи абы къыхэкIыу къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ.

Узыншагъэр хъумэным хуэгъэпса а IуэхущIапIэм Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн щIыналъэмрэ щыпсэухэм ящыщу цIыху мин 60-м щIигъу къэпхащ. Ар тещIыхьащ зы махуэ лэжьэгъуэм цIыху 750-м я узыншагъэм кIэлъыплъыфыным. Шэч хэмылъуи, ар сыт и лъэныкъуэкIи къэгъэщIэрэщIэжыныр, иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр Iэмалыншэ дыдэ хъуат. Мыбы щагъэуващ УЗИ-Iэмэпсымэ, маммограф, рентген комплекс, эндоскопкIэ узыншагъэр къыщапщытэ IэнатIэ, нэгъуэщIхэри.

- А лэжьыгъэ псори «Жыджэру, узыншэу илъэс куэдкIэ псэун» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIащ. Бахъсэн къалэм щыпсэухэм я тхыгъэ гуапэ мымащIэ къысIэрыхьащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Сымаджэщыр адэкIи едгъэфIэкIуэнущ. ЩIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм хиругрие къудамэ хуэдухуэным теухуа Iуэхур къэралым щыпхыдгъэкIыным долэжь мы зэманым.

«ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу зэрагъэпэщыж еджапIэ №9-р, а лэжьыгъэхэр илъэсым и кIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ. Гагарин Ю. и цIэр зезыхьэ еджапIэщIэ №12-м пэмыжыжьэ хьэблэщIэм илъэс дызыхуэкIуэм щаублэнущ сабии 140-рэ зыщIэхуэну садыщIэм и ухуэныгъэр. КъимыдэкIэ, школ №5-м къепха, зи еджакIуэ кIуэгъуэ зэкIэ мыхъуа цIыкIу 1100-м щадэлажьэ IуэхущIапIэр къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжынуи ди мурадщ.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, яужь итщ уэрамхэр зэIузэпэщ щIыным, гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэми, километри 4,2-рэ хъу псы кIуапIэри къагъэщIэрэщIэж.

2026 гъэм пащэнущ Бахъсэн псы кIуапIэ зэрыIыгъым и ухуэныгъэми. Ар ирагъэкIуэкI Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм зегъэужьыным хуэгъэпса программэм хыхьэу.

Бахъсэн псым и Iуфэхэр гъэбыдэн лэжьыгъэхэри илъэс дызыхуэкIуэми ирагъэкIуэкIынущ. Апхуэдэу псы къыщIэшыпIэщIэ яубруунущ, километри 5,5-рэ и кIыхьагъыу псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийхэмрэ, апхуэдэу къагъэсэбэпахэр къызэрыIуашхэмрэ яухуэнущ, зыхуэфащэхэр зэрагъэпэщыжынущ.

Прохладнэрэ и Iэгъуэблагъэмрэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мы гъэм Прохладнэ къалэм и администрацэм и унафэщIу ягъэува Ломов Максим лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ щIыпIэм илъэсым и кIуэцIкIэ щызэфIагъэкIам икIи цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ зауэжьын папщIэ, гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыпхъэ лъэныкъуэхэм я гугъу ящIащ.

«УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьа проектхэмрэ щIыналъэм щылажьэ программэхэмрэ я фIыгъэкIэ, куэд яхузэфIэкIауэ жыпIэ хъунущ Прохладнэм, - щетх КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым. - «Зэманым декIу къалэ ухуэн» проектым ипкъ иткIэ, псэупIэхэр зыхуей хуагъэзэн щIадзащ. Дызэрыт илъэсым елэжьащ Прогресс, Комсомольскэ, Красносельскэ къуажэхэм, къыкIэлъыкIуэм Къэрэгъэшрэ Прималкинскэмрэ храгъэубыдэнущ.

Къэрэгъэшрэ Янтарнэмрэ псы зекIуапIэхэр зэIузэпэщ щащI, псы къезышалIэ бжьамийхэм щолэжь Граничнэ жылэми. Ардыдэр щащIэну я мурадщ Ново-Вознесенскэмрэ Ново-Троицкэмрэ.

Солдатскэ жылэм дэт, Грицай П.П. и цIэр зезыхьэ школыр зэрахьащ. Красносельскэ, Прималкинскэ жылэхэм школыщIэ зырыз щаухуэри, тIури фокIадэм и 1-м къызэIуахащ, сабий 500 щIэхуэу. Псори пщэдджыжьеджэщ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Альтуд, Лесной, Малакановскэ, Прималкинскэ, Псыншокъуэ жылэхэм дэт школхэр нэгъэсауэ зэрахьэну я мурадщ. Солдатскэм, Приближнэм, Ново-Покровскэ къутырым дэт щэнхабзэмкIэ унэхэри зыхуей хуагъэзэнущ. «Унагъуэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Прималкинскэм цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ къудамэ къыщызэIуахащ.

Хэку зауэшхуэм щытекIуахэм я цIэр зэрихьэу, Къэрэгъэш иIэ, 1 километр зи кIыхьагъ уэрамыр зэIузэпэщ ящIащ. КъуажэдэсхэрлъэIуа нэужь, ар проектым хагъэхьауэ щытащ».

● МВД-м и лэжьакIуэм и махуэм

КъэмылэнджэжуХабзэр зыхъумэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ ехъуэхъуащ я IэщIагъэм епха махуэмкIэ.

«МЫ махуэм дэ догъэлъапIэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху хахуэхэр, къаруушфIэхэр, жылагъуэм хабзэр къыщызэгъэпэщыным и плъырхэр, ди цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ шынагъуэншагъэмрэ я хъумакIуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м къулыкъур щезыхьэкIхэм, нэхъыжьхэм я щапхъэфIхэр я гъуазэу, нобэ щIыхь пылъу ягъэзащIэ я къалэнхэр, щIэпхъаджагъэм, хабзэр къызэпызыудхэм, Iулъхьэм хэпщIахэм япэщIэтыным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. Мы зэман гугъум псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ терроризмэм пэщIэтыным, экстремизмэм земыгъэубгъуным хуэгъэзауэ евгъэкIуэкI Iуэхухэм.

А псори икIэм-икIэжым хуощхьэпэ республикэм хабзэр, жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр щыгъэбыдэным, цIыхубэр мамыру псэуным и лъабжьэхэр къызэгъэпэщыным.

Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощI фи лIыхъужьыгъэм, Iуэхум фызэрыхуэпэжым икIи фи къалэнхэр хьэлэлу зэрывгъэзащIэм папщIэ.

Щхьэхуэу фIыщIэ яхузощI къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэм, Хабзэм хуэлэжьэным илъэс куэд тыхь хуэзыщIахэм, хабзэхъумэ ныбжьыщIэ куэд зыгъэсахэм.

Шэч къытесхьэркъым мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэу фи пащхьэ къиувэхэр дяпэкIи щIыхь пылъу зэрывгъэзэщIэнум, цIыхухэм, жылагъуэмрэ къэралымрэ я сэбэп зыхэлъхэм купщIафIэу фазэрыхуэлэжьэнум.

Гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу ехъулIэныгъэхэр фиIэу, къэмылэнджэжу, шыIэныгъэ фхэлъу фи IэнатIэм фыпэрытыну.

Фэри фи Iыхьлыхэри фыузыншэну, зэIузэпэщу фыпсэуну си гуапэщ!» - щыжеIэ республикэм и Iэтащхьэм и хъуэхъум.

Илъэс 90-р ягъэлъапIэ

Шэрэдж районыр бжыгъэ дахэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэшхуэ щекIуэкIащ Къэщкъэтау. Абы хэтыну зэхуэсахэм псом япэу удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым.

ШЭРЭДЖ районым Щэнхабзэмкlэ и унэм и пэlущlэм къыщызэрагъэпэща сурэт гъэлъэгъуэныгъэм щlыналъэм зэрызиужьар къыхэщырт. ХьэщIэхэм гулъытэ хэха хуащlащ сабийхэм хэку лъагъуныгъэр зэрызыхащlэр къыщагъэлъэгъуа я lэдакъэщlэкlхэм.

Зэхуэсым КъБР-м и Iэтащхьэм и фIэхъус псалъэм къыщеджащ республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. Махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм щехъуэхъум, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ Шэрэдж районыр бгы нэхъ лъагэ дыдэхэм щыIэ щIыпIэхэм зэращыщыр, и щIыуэпсыр зыми хуумыгъэдэну зэрыдахэр.

- Нэхъыщхьэращи, лъахэм хуэфщэнщ и цIыхухэри. Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, щэнхабзэм, щIэныгъэм, гъуазджэм, спортым цIэрыIуэ щыхъуахэр и куэдщ мы лъахэм. Республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIу зи цIэр жыжьэ Iуахэм иропагэ щIыналъэм щыпсэухэр. А хъугъуэфIыгъуэр зэрагъэбэгъуэнми пащэ. Илъэс 90-р Iущыгъэм и ныбжьщ. Шэрэдж районым тхыдэ щэджащэ къыдогъуэгурыкIуэ, адэкIэ зэманым зэрыдэбэкъуэнми йогупсыс. Абы и фIыпIэр и цIыхухэращ, Iуэхугъуэ мытыншхэр зэфIэзыгъэкIхэр, - жиIащ къэпсэлъам.

Егоровэ Татьянэ Шэрэдж щIыналъэм ехъулIэныгъэшхуэхэр дяпэкIи иIэну ехъуэхъуащ, цIыхухэр мамыру, узыншэу, бэIутIэIуншэу псэуну зэригуапэр къыхигъэщу. Лъахэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI зыбжанэм Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и дамыгъэхэр яритащ. КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ: «Кенгуру» Тиаз-ТЦ» IуэхущIапIэм и унафэщI Тетуев Ильяс, Шэрэдж районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм и поликлиникэ къудамэм и унафэщI Кульбаевэ Зухра, Шэрэдж районым финансхэмкIэ и управленэм бухгалтер учётымкIэ, бюджетымрэ хэхъуэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Хуламхановэ Маринэ, «Ныр С.Х. и цIэр зэрихьэу ДзюдомкIэ олимп резервым и спорт школым и гъэсакIуэ-егъэджакIуэ Бэрэздж Светланэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр хуагъэфэщащ Безенги къуажэм и амбулаторэм и фельдшер Анаев Аслъэн.

Шэрэдж щIыналъэм щыпсэухэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и сенатор, ФедерацэмкIэ Советым Бюджетымрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Ульбашев Мухьэрбий**, УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщ **Джатэ Руслан**, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, республикэм и районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм я лIыкIуэхэр.

Шэрэдж районыр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ, ЩIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ советым и унафэкIэ къыдагъэкIащ «Шэрэдж районым хэлъхьэныгъэ хуищIам папщIэ» фэеплъ медалыр. Ар япэу зыхуагъэфэщахэм яритыжащ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Кульбаев Алан**. Абыхэм ящыщт КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщ Джатэ Руслан, Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, КъБР-м и Парламентым и депутат Къаздэхъу Альберт сымэ.

Махуэшхуэр ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист пажэхэм.

Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ районым и гъащIэм теухуа видеороликым.

Миланэ и щIыхькIэ

Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием тхьэмахуэ кIуам щагъэлъэпIащ Китайм и Уси къалэм тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым и дыжьын медалыр къэзыхьа, Урысей Федерацэм щэнейрэ и чемпион хъуа, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Бекъул Миланэ.

АДЫГЭ спортсменкэ цIэрыIуэм и гуфIэгъуэр даIыгъыну пшыхьым кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Iэпщэ Заур**, КъБР-м и Парламентым и депутат, жылагъуэ лэжьакIуэ, жэрдэмщIакIуэ **Къаздэхъу Альберт**, республикэм щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Лу Азэмэт**, Налшык къалэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и унафэщI, «Спартак-Налшыкым» и генеральнэ директор **Заруцкий Александр**, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур**, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м спортымкIэ и мастер **Уянаев Владимир**, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат **Шыпш Аслъэн**, Олимп джэгухэм домбеякъ медаль къыщызыхьа, УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер **Тау Хьэсэнбий**, дзэ Iуэху хэхам и ветеран, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыхъужьхэр» программэм хэт **Алборэ Мухьэмэд** сымэ, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэхэри.

Урысей Федерацэм и спорт тхыдэм хыхьэу, Китайм щекIуэкIа зэхьэзэхуэ иным хуэдэм и финалым нэсыну, Миланэ ипэкIэ, зыхузэфIэкIар ди къэралым щыщ бзылъхугъищ къудейщ. Иджырей чемпионатым хэтащ къэрали 182-м я лIыкIуэхэр. Дауи, Бекъулым и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ ар ехъулIэныгъэшхуэщ, щыжаIащ пшыхьым.

Абы ирагъэблэгъат, Уси къалэм щекIуэкIа чемпионатым хэта, УФ-м щэнейрэ и чемпион хъуа Багъ Идари. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди щIалэм и етIуанэ зэIущIэр фIихьащ Украинэм и спортсменым. Мыбдежым, иужьрей зэманым хабзэ зэрыхъуауэ, политикэр Iуэхум къыхэмыхьэу къэнакъым: судьяхэм яукъуэдийри, текIуэныгъэр Идар и хьэрхуэрэгъум иратащ. Ауэ, абы щхьэкIэ къэмынэу, мы гъэм щэкIуэгъуэм и кIэхэм Швейцарием щекIуэкIыну европей чемпионатым Багъыр кIуэнущ УФ-м и командэ къыхэхам хэту.

Зи гугъу тщIа спортсменитIым ядэлажьэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер, КъБР-м и Парламентым и депутат Ахъмэт Амирщ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

ЗэIущIэм и кIэм, хъуэхъухэмрэ псалъэ гуапэхэмрэ къадэкIуэу, Бекъул Миланэрэ Багъ Идаррэ къэрал дамыгъэхэр хуагъэфэщащ, фэеплъ саугъэтхэр иратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм арэзы техъуэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм арэзы техъуэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2025 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м
№199-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм арэзы техъуэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м

1-нэ статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным теухуа ЗэгурыIуэныгъэу 2025 гъэм накъыгъэм и 26-м Минеральные Воды къалэм Iэ зыщытрадзам арэзы техъуэн.

2-нэ статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным теухуа ЗэгурыIуэныгъэу 2010 гъэм накъыгъэм и 28-м Магас къалэм Iэ зыщытрадзам къару имыIэжу къэлъытэн.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм арэзы техъуэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м, 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къащтам («Официальная Кабардино-Балкария», 2012, №28), къару имыIэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м
№37-РЗ

ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2026 гъэм зыхуэдизыр гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№180-ПП** **2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м** **Налшык къалэ

«Урысей Федерацэм цIыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и IуэхукIэ» 1997 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдэкIа Федеральнэ закон №134-ФЗ-м, «Урысей Федерацэм и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм я лэжьыгъэр къызэтегъэувыIэным, Урысей Федерацэм и закон акт языныкъуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэнымрэ Урысей Федерацэм и бюджет IэнатIэм хыхьэ бюджетхэр гъэзэщIэнымрэ хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэлъытэным и IуэхукIэ» 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м къыдэкIа Федеральнэ закон №367-ФЗ-м и 11-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЗ-м, 1999 гъэм мазаем и 20-м къыдэкIам, и 16-нэ статьям и «ж» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету, 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зы цIыхум тещIыхьауэ - сом 20265-рэ, лэжьэфыну цIыхухэм - сом 22089-рэ, пенсионерхэм - сом 17428-рэ, сабийхэм - сом 19657-рэ хъууэ щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МУСУКОВ Алий

● Узыншагъэ

И щхьэпагъыр наIуэ ящI

Узыфэ зэрыцIалэхэм зэрапэщIэт вакцинэр зыхрагъэлъхьэн зэрамыдэм къишэ гугъуехьхэм теухуа зэIущIэ Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ цIыху 700-м нэблагъэ: къэралым педиатриемрэ иммунологиемкIэ и щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, дохутырхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, адэ-анэхэр.

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр медицинэ лэжьакIуэхэм, республикэм щыпсэухэм я деж вакцинэр зищIысым, абы и мыхьэнэм теухуауэ ягъэунэхуауэ щыIэ щIэныгъэ хъыбарыр нэхьэсынырщ.

Медицинэ форумыр къызэIуихащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. Абы жиIащ вакцинэм теухуауэ щыIэ хъыбар нэпцIхэм лъабжьэ зэрамыIэр наIуэ къэщIыным, ар зэзымыхьэлIэхэр зыIуунэнкIэ хъуну щытыкIэ шынагъуэхэр зыхуэдэм жылагъуэр щыгъэгъуэзэнымкIэ зэхыхьэр Iэмал хъарзынэу зэрыщытыр икIи абы иужькIэ цIыхухэм а Iуэхум хуаIэ еплъыкIэр яхъуэжыну зэрыгугъэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ вакцинэм аутизм узыфэр къыхэкIыу къалъытэу кърахьэкI псалъэмакъхэр зэрымыпэжым, а мастэм и фIыгъэкIэ узыфэ зэрыцIалэ куэдым зэрапэщIэтыфым, сабий сымаджэрилэхэм я иммунитетыр зэфIэувэнымкIэ сэбэп зэрыхъум.

- Вакцинэр хэлъхьэным теухуауэ мы зэхыхьэр иджы япэу къэралым щрагъэкIуэкIа медицинэ форумщ, - жиIащ Сперанский Г. Н. и и цIэр зезыхьэ РМАНПО-м педиатриемкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Захаровэ Иринэ. – СымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым зэIущIэм цIыхушхуэ къызэрырихьэлIар, абы къегъэлъагъуэ а IуэхумкIэ зыгъэгузавэ зэрыщыIэр икIи нэхъыбэ къащIэну зэрыхуейр. УпщIэ-жэуап жыпхъэм иту форумыр зэрекIуэкIам адэ-анэхэми дохутырхэми Iэмал къаритащ вакцинэм теухуауэ шэч къызытрахьэхэр зэхагъэкIыну. Сэ шэч къытесхьэркъым нобэрей зэхыхьэм 90 гъэхэм щегъэжьауэ кърахьэкI хъыбархэр, псалъэм папщIэ, фэгъазэм щахъумэу халъхьэ мастэм аутизм къыхэкIыу къызэралъытэр, зэрынэпцIыр наIуэ къызэрищIам. Абы зэхэхауэ зэрытепсэлъыхьам и фIыгъэкIэ апхуэдэ щхьэусыгъуэхэр зэрылъабжьэншэр цIыху куэдым къагурыIуащ. Вакцинэм дзыхь хуегъэщIынымкIэ, абы и мыхьэнэр нэсу цIыхухэм къагурыгъэIуэнымкIэ, шэчыншэу, мыпхуэдэ форумхэм къалэнышхуэ ягъэзащIэ.

Захаровэм къыхигъэщащ Iуэхум адэкIи къызэрыпащэнур, сабийхэм вакцинэр хегъэлъхьэным теухуауэ адэ-анэхэм папщIэ чэнджэщ щхьэпэхэр зэрыт тхылъ къызэрыдагъэкIынур.

Москва областым узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и сабий аллерголог-иммунолог нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Продеус Андрей сабийхэм я узыншагъэм теухуауэ адэ-анэхэм драгъэкIуэкI псалъэмакъхэр зэрыщхьэпэр икIи форумым ахэр зыгъэгузавэ упщIэ куэдым я жэуап зэрыщагъуэтынур жиIащ.

- Дэтхэнэ зы адэ-анэми и сабийм вакцинэр хригъэлъхьэнуи хримыгъэлъхьэнуи хуиту щытын хуейщ, - къигъэлъэгъуащ абы. - Ауэ ахэр Iуэхум фIыуэ егупсысауэ щытыпхъэщ, абы зыхуишэнкIэ хъунур фIыуэ къагурыIуэжу. Абы папщIэ абыхэм ящIэн хуейщ вакцинэм теухуауэ щIэныгъэр зи лъабжьэ хъыбар пэжыр. Къапщтэмэ, нобэ медицинэ къэхутэныгъэхэмкIэ щIэгъэбыдэжа еплъыкIэхэр утыку кърахьащ форумым кърихьэлIа IэщIагъэлIхэм. Согугъэ ар адэ-анэхэм нэсу зэхащIыкIауэ, жылагъуэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ вакцинэр дэIэпыкъуэгъушхуэ зэрыхъур къагурыIуауэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Унагъуэ цIыкIум туристхэр ирегъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу «Унагъуэ къуажэ - «КъуэкIыпIэ» фIэщыгъэр зезыхьэ мэкъумэш турист комплекс Прохладнэ щIыналъэм и Пролетарскэ къуажэм къыщызэIуахащ иджыблагъэ. Абы лъабжьэ хуэхъуар а жылэм и мэкъумэш IуэхущIапIэрщ икIи и лэжьыгъэр зыхуэунэтIауэ щытынур щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэм и зэфIэкIхэм туристхэр щыгъэгъуэзэнырщ.

«ХЬЭЦЭПЭЦЭР, нартыхур, соер щащIэ «КъуэкIыпIэ» мэкъумэш IуэхущIапIэр ди унагъуэ «къуажэ цIыкIум» лъабжьэ хуэхъуащ. Ди къалэныр - мэкъумэш лэжьыгъэхэм пэжыжьэ, ахэр зищIысыр зымыщIэ туристхэм ди мэкъумэшыщIэхэм я лэжьэкIэр, гъавэ зэращIэ, зэрыIуахыж щIыкIэхэр едгъэлъагъунырщ.

Абыхэм яхуэдгъэхьэзыращ пхъэм къыхэщIыкIа унэу 8, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу къызэпэщауэ», - жиIащ «КъуэкIыпIэ» турист IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщI Къаныкъуэ Анастасие.

Турист комплексым щIыуэ гектар 13 ирагъэубыдащ. Абы хэтщ шхапIэ, администрацэм и хэщIапIэ, бассейн, жызумей хадэу гектар 15-м нэблагъэ, нэгъуэщIхэри. ГъэщIэгъуэну икIи хьэлэмэту пхъэ унэ цIыкIухэм фIащащ а щIыпIэм щащIэ мэкъумэш къэкIыгъэхэм я цIэхэр – нартыху, гуэдз, сэхуран...

«Жызумыр щызэщIакъуэжым деж туристхэри къыхэтшэнущ. Дэ дыхуейщ, ди хьэщIэхэм мэкъумэш IэнатIэр фIыуэ ядгъэлъагъуну. Псом хуэмыдэу къалэшхуэхэм къикIахэм, мэкъумэшыр зищIысым щымыгъуазэхэм. ЖыпIэнурамэ, гъавэ Iухыжыгъуэм деж губгъуэхэм тшэнущ ахэр, комбайнхэр зэрылажьэр, хьэцэпэцэр зэраIуэр, ахэр зэрыIуашыр едгъэлъагъунущ. НэгъуэщI лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIми хэдгъэплъэнущ. Уеблэмэ шэджагъуашхэр губгъуэм къащыхуздгъэпэщынущ, къуажэ гъащIэр зищIысыр нэсу зыхащIэн хуэдэу.

Апхуэдэуи хьэщIэхэм зыщедгъэплъыхьынущ ди къуршхэм. Туристхэр нэхъ мащIэу здэкIуэ Хъазнидон аузми тшэнущ. А псом къадэкIуэу, адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэзакъхэм, жыпIэнурамэ, ди деж щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм, псори зэхэту 20-м щIегъу ахэр, я псэукIэр, щэнхабзэр, шхыныгъуэхэр едгъэцIыхунущ», - къыхигъэщащ Къаныкъуэ Анастасие.

Мэкъумэш турист комплексыр яухуащ «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи «къуажэ цIыкIур» ухуэным сом мелуан 30-м щIигъу трагъэкIуэдащ, абы щыщу сом мелуан 11-р къэрал дэIэпыкъуныгъэу.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Адыгэбзэм и IэмалыщIэхэр



Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ иджы дуней псом тет бзэ зэмылIэужьыгъуэу 100-кIэ зэбдзэкI хъуну е нэгъуэщI бзэхэр ди бзэм къибгъэтIасэ хъуну Iэмал хъарзынэ къэунэхуауэ мэлажьэ. Иджы сыт хуэдэ компьютеркIи телефонкIи «Яндекс. ЗэдзэкIакIуэм» къыпхуещIэ зи гугъу тщIы Iуэхутхьэбзэр. Мы Iуэху дахэр зи фIыщIэр «Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, Лэскэн районым ит курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэмкIэ я чэнджэщэгъухэм я лэжьыгъэр зыубзыху Жылэгъащтэ Хьэчим, «Ростелеком» ПАО-м проекткIэ и унафэщI Сэрахъэ Алан, Налшык къалэм дэт 4-нэ курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэс Мамхэгъ Алим сымэщ. Абыхэм къакъуэуващ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор сымэ.

«ЯНДЕКС. ЗэдзэкIакIуэр» гаджетхэм щылэжьэн папщIэ адыгэбзэкIэ псалъэуха мини 100 зэрадзэкIри (адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи) интернетым иралъхьащ, Яндексым зэрыгурыIуам тету. «Яндексым псалъэуха мелуан къыдитри, абы щыщу нэхъ мащIэ дыдэу псалъэуха мини 100 ди бзэкIэ зэддзэкIыну къытхуигъэуващ. Ар зэфIэдгъэкIащ. Къыхэзгъэщмэ сфIэигъуэщ, дызэлэжьар къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зэрыарар. Шэрджэсхэми псалъэуха мин 25-рэ зэрадзэкIри, абыкIэ къытхэуващ. Псори зэхэту къапщтэмэ, псалъэуха мини 125-рэ едгъэхьащ. Ар нэхъыбэху зэрынэхъыфIыр зым и дежкIи щэхукъым. АдэкIэ Яндексым и Iэмалхэр ди бзэкIэ нэхъыбэжу къэдгъэсэбэпын папщIэ, псалъэуха мин 300 зэддзэкIын хуейщ. ИтIанэ тхыгъэхэр нэхъыфIыжу зэридзэкIыфынущ, Iэмал гъуэзэджэ куэд къытхуэгъэIрыщIэнущ, псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, адыгэбзэкIэ субтитрхэр къытридзэу тщIыфынущ», - жеIэ Сэрахъэ Алан.

Мы Iуэхур къэрал къулыкъущIэхэм я деж зэрынэсам, абыхэми гулъытэ зэрыхуащIам куэд къащигъэпсынщIащ иджырей технологием фIыуэ хэзыщIыкI, зи анэдэлъхубзэм гууз-лыуз хузиIэ щIалэхэм. Ахэр республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыхуэзам къажриIат: «Анэдэлъхубзэр хъумэныр иджыпсту нэхъыщхьэу къэув Iуэхухэм ящыщщ, псом хуэмыдэу лъэпкъ куэд зэрыс ди къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы. 2022 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм игъэувауэ щытащ 2022 - 2032 илъэсхэр Лъэпкъхэм я бзэхэм я дунейпсо илъэсипщIу. Урысейм щагъэзащIэ а Iуэхур, Правительствэм игъэбелджыла лэжьыгъэм тету. Дызэрыс къэралым дежкIэ лъэпкъхэм я бзэ, щэнхабзэ хъумэным мыхьэнэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, аращ абы и къэралыгъуэм лъабжьэ хуэхъур. Ар мызэ-мытIэу къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир. А лъабжьэр нэхъри гъэбыдэныр къэрал къалэну щытщ. НобэкIэ федеральнэ, щIыналъэ программэ куэд ягъэзащIэ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм зрагъэужьыным теухуауэ: школыщIэхэр доухуэ, жьы хъуахэр къыдогъэщIэрэщIэж, зыхуей-зыхуэфIкIэ къызыдогъэпэщ, егъэджакIуэхэм ахъшэ щхьэхуэхэр яхухыдох, я улахуэр гъэ къэс процент 10-кIэ яхухыдогъахъуэ».

«Яндекс. ЗэдзэкIакIуэ» федеральнэ хъым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ хагъэхьэн папщIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм, нейросетым и бета-Iэмалыр къагъэсэбэпу зэрыщIадзам (CircassianAI, TauluAI) теухуауэ Жылэгъащтэ Хьэчим жиIащ:

- Дгъэхьэзыра нейросетхэр и лъабжьэу чат-ботхэр, джэгукIэхэр, аудио- видео материалхэр дяпэкIэ къэдгъэсэбэпыфынущ. Ар хуабжьу къащхьэпэнущ егъэджакIуэхэм, дерсыр щагъэхьэзыркIэ куэд къалъыхъуэн хуэмейуэ дакъикъэ бжыгъэм хьэзыру къаритынущ.

ЗэдзэкIакIуэр лажьэу ирагъэжьами, Iуэхур абдеж къыщагъэнакъым щIалэхэм. Иджы ахэр йолэжь Нейросетым адыгэбзэ егъэщIэным. «ЗэкIэ дгъэхьэзырар чат-ботращ, ари Iейкъым, тхыгъэ мыгугъухэр зэредзэкIыф, щыуагъэ къыхегъэкI, дяпэкIэ сурэтхэр ищIыфу, жьэрыIуатэр тхыбзэ ищIыфу зедгъэужьынущ.

Псом нэхърэ нэхъ гугъур бжыгъэр зи лъабжьэ хъым анэдэлъхубзэкIэ илъ тхыгъэр зэрымащIэ дыдэрщ. Ди бзэкIэ фIыуэ лажьэ Нейросеть къызэбгъэпэщын папщIэ адыгэбзэкIэ тхыгъэ куэд дыдэ ухуеинущ, интернетым иплъхьэн хуэдэу. Абы и хэкIыпIэр хэти иIэ Iэмалым елъытауэ къигъэIурыщIэу аращ. Дэри зэрытхузэфIэкIынум шэч къытесхьэркъым», - жеIэ Хьэчим.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Школ хъыбархэр

Дерс щхьэпэхэр ирагъэкIуэкI

ДэнэкIи хуэдэу, ди республикэм и курыт школхэм мы зэманым щокIуэкI гъуэгу хабзэхэр гъэзэщIэным, лъэсрызекIуэм и шынагъуэншагъэр хъумэным теухуа лэжьыгъэ щхьэпэхэр. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм хэхауэ хуолажьэ «Гъуэгу шынагъуэншагъэмкIэ лабораторэм» и IэщIагъэлIхэр.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, ар Iыхьэ куэду зэхэт къэрал программэ щхьэхуэщ. И къалэнхэри епхащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зыхэт гъуэгу насыпыншагъэр нэхъ мащIэ щIыным, апхуэдэхэр къэмыхъун папщIэ щIэблэм егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр ядегъэкIуэкIыным. А проектыр илъэс зыбжанэ хъуауэ ягъэзащIэ, УФ-м и МВД-м и Къэрал автомобиль инспекцэм, УФ-м Егъэджэныгъэрэ щIэныгъэмкIэ, ТранспортымкIэ и министерствэхэм даIыгъыу. IэнатIэм и къудамэхэр ди къэралым и щIыналъэ псоми щолажьэ.

Апхуэдэ къалэнхэр я пщэ дэлъу «Гъуэгу шынагъуэншагъэмкIэ лабораторэм» ди республикэм щиIэ къудамэм и IэщIагъэлIхэм мы зэманым лэжьыгъэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкI щIыналъэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Апхуэдэу IэщIагъэлIхэр иджыблагъэ щыIащ Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Гундэлэн жылэмрэ Бахъсэн щIыналъэм хиубыдэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэмрэ дэт курыт школхэм. НыбжьыщIэхэр Iуэхум хаша нэужь, нэрылъагъу Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ, гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ лэжьакIуэхэр елIэлIащ гъуэгум тет сабийхэм абы щызекIуэ хабзэхэр гъэзэщIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къагурыгъэIуэным. Дауи, гъуэгу щэнхабзэ зыхэлъ лъэсрызекIуэ бгъэсэныр Iуэху тыншкъым, атIэми абы и мыхьэнэр нэхъ иныж мэхъу сабийр езыр и закъуэ школым къэкIуэни унэм кIуэжыни хуей хъумэ. Псом хуэмыдэу бжьыхьэ зэманым - пасэу пшапэр щызэхэуэм.

ШколакIуэхэр гъуэгум къыщыхьу транспорт къэхъукъащIэхэм щыхъумэным хуэгъэпсауэ щытащ еджапIэхэм щекIуэкIа дерсхэри. Хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм школакIуэхэр гъуэгу хабзэхэм щыгъуазэ хуащI къудей мыхъуу, дэтхэнэми Iэмал иратащ лъэсу гъуэгум тет хуэдэу къыщагъэхъуну, щытыкIэ къызэрымыкIуэ ихуэмэ, я щхьэр зэрахъумэнум, лей къызытехьа щыIэ хъумэ, абы япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратынум хуагъасэу.

ГъащIэм щыщ щапхъэ нэрылъагъухэр къахьурэ, инспекторхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ жылагъуэм щызекIуэ хабзэхэр ныбжьыщIэхэм къызэпемыгъэудыным. ЗэIущIэм и кIэухыу абыхэм жэуап иратащ ныбжьыщIэхэр зыгъэпIейтей упщIэ псоми.

ТАМБИЙ Линэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Улахуэм хагъахъуэмэ...

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и унафэщI Миронов Сергей къыхилъхьащ цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэр щрат IуэхущIапIэхэм щыIэ медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хуэдэ 1,5-кIэ хэгъэхъуэн хуейуэ.

ДЕПУТАТЫМ къызэрилъытэмкIэ, медицинэм IэщIагъэлIхэр щIахуримыкъур къахь улахуэр зэрымащIэрщ. Абы къыхигъэщащ ахэр зы ставкэрэ ныкъуэкIэ лэжьэн хуей зэрыхъур икIи я IэнатIэм зэманышхуэ зэрафIихьым, зыгъэпсэхугъуэ къазэрыхудэмыхуэм къыхэкIыу зыпэрыт Iуэхум псынщIэу зэрытезашэр, ар и щхьэусыгъуэуи я IэщIагъэр зэрахъуэжыр.

А Iуэхум апхуэдэу зэреплъыр нэхъапэкIэ къигъэлъэгъуащ Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт Япэ къэрал медицинэ университетым и профессор, Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и IэщIагъэлI Демин Андрей. Абыи къыхуриджауэ щытащ цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэр щрат IуэхущIапIэхэм я дохутырхэм я улахуэм хагъэхъуэну, къэрал сымаджэщхэм щылэжьэн IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр къырашэлIэн папщIэ.

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

Урысейм и щIыналъэщIэхэр зэфIэгъэувэжыным, абыхэм зегъэужьыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. УнэтIыныгъэ псоми зэхуэдэу гулъытэ хуащIу Iуэхухэр къыщызэгъэпэщащ.

МЫ ГЪЭМ и кIэух пщIондэ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Херсон, Запорожье областхэм гъуэгу зыбжанэ щызэрагъэпэщыжынущ, абы егъэщIылIа ухуэныгъэхэри щызэфIагъэувэжынущ. Къэрал мылъкуу а Iуэхум хухахащ сом меларди 5,4-м нэблагъэ. ЩIыналъэхэм я гъуэгу зэмылIэужьыгъуэу километр 31-рэ къагъэщIэрэщIэжыну я мурадщ.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI 2024 - 2026 гъэхэм къриубыдэу а щIыналъэхэм гъуэгухэр щызэфIэгъэувэжын программэм хыхьэу.

ЩэкIуэгъуэм и 11, *гъубж*

♦**Энергиер зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Щэхуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Экономистым и махуэр.**

♦**Япэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ. Ар екIуэкIащ 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыщыщIэдзауэ 1918 гъэм щэкIуэгъуэм и 11 пщIондэ икIи къалъытэ къэрал нэхъыбэ зыхэта зауэхэм ящыщу.**

♦**1990 гъэм** дунейм къытехьащ «Российская газета»-м и япэ къыдэкIыгъуэр.

♦**1908 гъэм** къалъхуащ полковник, Бэракъ Плъыжь орденү 6 зрата **Шемякин (Къардэн) Михаил**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, генерал-майор **Къардэн Къубатий**.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, балетмейстер **Гальперин Григорий**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Жанджэрий Юрэ**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Iэдэм**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 12, *бэрэжьей*

♦**Пневмонием (тхьэмбыл узым) ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и ХъумапIэ банкым и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Урысейм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и IэщIагъэлIым и махуэщ**

♦**1472 гъэм** Урысейм и гербыщIэр - щхьитI зыфIэт бгъэр зытетыр - къащтащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философиемкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуазэр» хьэрыпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Батырыбжьэм уефэн ипэкIэ ар щIатыр зэгъащIэ.

Адыгэ лъэпкъым и къуэ пэж, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, инженер-ухуакIуэ, ди щэнхабзэр тхъумэжыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа **Вэрокъуэ Ибрэхьим** дунейм зэрехыжар хуабжьу дигу щIыхьащ.

Вэрокъуэ Ибрэхьим къызыхэкIа лъэпкъым хуиIэ мурадыфIхэр зригъэхъулIэн папщIэ лъэкI къигъэнакъым. Ар Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэми хэтащ жыджэру. Ди нэхъыжьыфIыр адыгэхэм я гум илъынущ и IуэхущIафэ щхьэпэхэмкIэ, и хьэл-щэн дахэхэмкIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэр дыхуогузавэ Вэрокъуэ Ибрэхьим и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.

● Жыжьэ-гъунэгъу

Фэеплъ здэщымыIэм цIыхугъэ щыIэкъым

Омск областым хыхьэ Тарэ районым икIуэда ди лъэпкъэгъухэм - адыгэхэмрэ абазэхэмрэ - я фэеплъым пщIэ зэрыхуащIым и щыхьэту, иджыблагъэ щIыпIэ жыжьэм щыIащ ди лэжьэгъу, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, политикэ зэхэзехуэн ящIа адыгэхэмрэ абазэхэмрэ ятеухуауэ «Забвению не подлежит» тхылъыр къыдэзыгъэкIа Абидокъуэ Люсанэ зыхэта гупыр. Ар политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъ махуэм, жэпуэгъуэм и 30-м, техуэу зэфIагъэкIа Iуэхущ. А зекIуэ гъэщIэгъуэным теухуауэ Люсанэ итхыжар гъэкIэщIауэ фи пащхьэ идолъхьэ.

«ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 зэрырикъум ехьэлIауэ КъШР-м щекIуэкI Iуэхухэм ящыщ зы хъуащ Сыбырым щедгъэкIуэкIа фэеплъ зэхыхьэри. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къыбгъэдэкIыу тхыдэ фэеплъыр хъумэныр зи пщэрылъу гъуэгу техьахэм ящыщщ гупым ди пашэу щыта, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатым и дэIэпыкъуэгъу, абазэ лъэпкъым и нэхъыжьхэм я советым хэт Быж Исмел, Къубинэ къуажэм щыщ Булатовхэ я нэхъыжь Абдулхамет, абы и щIалэхэу Азэмэт, Альберт сымэ. Ипэ дищу жытIэнщи, Абдулхамет къыщыхъуари, и сабиигъуэм щыщ Iыхьэфl щигъэкIуари, Омск областым хыхьэ Большереченскэ районращ. Абы хиубыдэу щытащ нэхъыжьыр къыщалъхуа Кольцовкэ жылагъуэ цIыкIур. Ауэ нобэкIэ ар картэм икIуэдыкIыжа къуажэхэм ящыщщ.

Минводы текIыу Москва дызыхьыну кхъухьлъатэм дитIысхьэри, пщыхьэщхьэ хуегъэзэкIыу къалащхьэм дынэсащ. Сыхьэтищ дэкIри, жэщ ныкъуэ хъуауэ, Омск лъэтэну кхъухьлъатэм дитIысхьэри, сыхьэт бжыгъэр зэрызэтемыхуэм къыхэкIыу, пщэдджыжьым жьыуэ уэсыфI къыщеса сыбыр щIыналъэм дыщетIысэхащ.

Омск къалэм дыкъыщызэтеувыIакъым. Зэман дымыгъэкIуэду, къытпежьахэм дащIыгъуу, жэпуэгъуэм и 15-м Тарэ районым дыхуэзышэ гъуэгум дытехьащ. Ар Омск къалэм километр 300-кIэ пыIудза щIыпIэщ.

... Мыр си ещанэ кIуэгъуэщ Сыбырым. ИкIи сыт щыгъуи згъэщIагъуэу схуэмыухыр сыбырдэсхэм, дызэблагъэ районым щыпсэухэм я хьэщIэ егъэблэгъэкIэрщ, гуапагъэрщ, сыт хуэдэ ди жэрдэмри фIэкIыпIэ имыIэу къызэрыддащтэрщ.

Мы кIуэгъуэри япэрейхэм зыкIи къащхьэщыкIакъым, уеблэмэ къызэрымыкIуэу фIыуэ зыхуагъэхьэзырауэ, дызэрыщыIэну пIалъэм и программэр икъукIэ гъэнщIауэ ягъэпсат. Ар сыт щыгъуи зи пщэ дэлъыр Тарэ районым и унафэщI Лысаков Евгенийрэ администрацэм и лэжьакIуэ щыпкъэхэмрэщ. КъинэмыщIауэ, Iуэхур къызэрекIуэкIыр сытым дежи и нэIэ щIэтщ, икIи фэеплъ Iуэхугъуэхэм къыддыхэтщ Омск областым и Хабзэубзыху ЗэIущIэм и депутат, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр Адырбаев Марат.

Тарэ районым дызэрынэсу, лэжьэгъуэ махуэти, программэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, япэщIыкIэ драгъэблэгъащ администрацэм и унэм, районым и унафэщIым фIэхъус етхын, дызэщIэупщIэн, щIыналъэм дызэрыщыIэну пIалъэм и программэм зыщыдгъэгъуэзэн папщIэ.

Зэкъуэш-зэшыпхъухэр илъэс куэд щIауэ зэрымылъэгъуауэ, зызыщамыгъэнщIыжым хуэдэу, къытпежьащ Лысаков Евгений. Гупым хэтым зырызу IэплIэ къыдишэкIащ, къытщIэупщIащ.

Иужьым, зэпсэлъапIэм дригъэблагъэри, къыджиIащ я щIыналъэм щедгъэкIуэкIыну фэеплъ Iуэхугъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн зэрыщыдиIэнур.

- Япэрауэ, икъукIэ ди гуапэщ, Кавказым къикIа адыгэхэмрэ абазэхэмрэ - сыбырдэсхэм къуэш-шыпхъу къытхуэхъуахэр - къызэрытхуеблэгъар. Дэ пщIэшхуэ фхудощI, дэркIэ фыщапхъэщ! Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, илъэс 90-м щIигъу дэкIа пэтми, зэхэзехуэн Iуэхугъуэхэм хэкIуэдахэр зыщывгъэгъупщэркъым, я фэеплъыр фохъумэ, зэIэпыфхыурэ фи щIэблэм явогъэщIыху. Ар сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэщ. Дауи, сощIэ «Красный Черкес» жылагъуэр здэщыIа щIыпIэм къыщына кхъэми, фэеплъ сынхэр здэщыIэ Пологрудови, Тарэ къалэми фыкIуэн папщIэ, муслъымэн динырылажьэ фщIыгъуным фэркIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Ари зыщыдгъэгъупщакъым, фэ фщIыгъунущ Тарэ мэжджытым и имам-хъатыб Ахметов Радик.

Фэеплъ Iуэхухэр зэфIэвгъэкIа нэужь, къыфхузэдгъэпэща нэгузыужь щэнхабзэ программэм фыхэтынущ, - жиIащ Лысаков Евгений.

Фэеплъхэм пщIэшхуэ хуащI

Жэпуэгъуэм и 16-м, зэрыдихабзэу, пщэдджыжьым жьыуэ зыкъэтIэтри, Тарэ дикIыу Пологрудовэ дынэзышэсыну паром къыIухьэпIэм дыкIуащ. Псым и адрыщI Iуфэм къыщытпэплъэрт ди лъэпкъэгъу куэдым я псэр щата Пологрудовэ жылагъуэр...

Кхъуафэжьейм гуауэ куэд зи нэгу щIэкIа Иртыш псым дызэпришащ. Жылагъуэ цIыкIум и утыку нэхъыщхьэм ит ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ администрацэр зыщIэс хэщIапIэмрэ я зэхуаку дэт фэеплъ сынышхуэм - политикэ залымыгъэм ихьа адыгэхэмрэ абазэхэмрэ яхуэдгъэувам - деж цIыхушхуэ къыщызэхуэсат. Псом хуэмыдэу удз гъэгъа Iэрамэхэр зыIыгъ еджакIуэ цIыкIухэр бэт.

Сыт щыгъуи хуэдэу, дауэдапщэр езыгъэкIуэкIхэр тепсэлъыхьащ политикэ зэхэзехуэныр ди къэралым ис лъэпкъи 100-м щIигъум зэралъэIэсам. Абыхэм ящыщу адыгэхэмрэ абазэхэмрэ Сыбыр щIыналъэм зэрахуауэ щытам и гугъу ящIащ.

Щыгъуэ пэкIум къыщыпсэлъащ Тарэ районым и унафэщIым и къуэдзэ Кивэ Александр, КъШР-м икIа гупым ди пашэ Быж Исмел, адэкIэ ефэндым дыуэ яригъэщIащ...

Фигу къэдгъэкIыжынщи, а фэеплъ сыныр къыщызэIуахым дыхэтати, Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ къуажэ 23-м, хэкум ирагъэкIа унагъуэхэр щыпсэуам, здитха щIы IэмыщIэхэр сыным и лъабжьэм щыдгъэтIылъауэ щытащ.

Къызэгъэпэщак Iуэхэм хабзэ зэрахуэхъуауэ, удз гъэгъа Iэрамэхэм шэху уэздыгъэ зэщIэгъэнар хэлъу Иртыш псым траутIыпщхьащ.

ПэкIу нэужьым Пологрудовэ и музейм, зауэ щIыхьым и пэшым зыщытплъыхьащ, абы щIэлъщ КъШР-м икIа хьэпшып куэд. Мы жылагъуэм и унафэщI Башуков Сергей дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр зыхуэныкъуэхэр ишэурэ пщIым щIигъурэ щыIащ, ТекIуэныгъэр къэтхьыхукIэ а Iуэхур зэрызэпимыгъэунуми дыщигъэгъуэзащ. Сергей и щIалэр дзэ Iуэху хэхар къыщыщIидза махуэм щегъэжьауэ абы щыIэщ.

Жылэ тхьэмадэм дигъэлъэгъуащ зауэр щекIуэкI щIыналъэм къыздриша хьэпшыпхэр, бийм къигъэсэбэп Iэщэхэм ящыщхэр, «Баба Яга» зыфIаща Iэщэ угъурсызыр, нэгъуэщIхэри.

«Белорус унэжь цIыкIу»-м доблагъэ

Пологрудовэ ди Iуэхухэр щызэфIэдгъэкIа нэужь, зыдмыIэжьэу ди гъуэгум пытщащ икIи Атиркэ жылэм дынэсащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ зэхэзехуэным хэхуа ди лъэпкъэгъуу мы жылагъуэ цIыкIум щыпсэуаIауэ тхыдэм къызэрыхэмыщыр (зы цIыху е цIыхуитI дэсагъэнкIэ мэхъу). Арами, мы жылагъуэм щыщ пщащэ цIыкIум, Згрундэ Анастасие, ищIа творческэ лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, хэгъуэгухэр зэпыщIа дыхъуащ, икIи къуажэм дэт еджапIэри музейри зэи гулъытэншэу къэдгъанэркъым.

Мы еджапIэм хэт музейм щIэлъщ КъШР-м икIа хьэпшыпхэр. ЕджапIэм и унафэщI Терещенко Иринэ иригушхуэу къытхутопсэлъыхь ди зэпыщIэныгъэхэр икъукIэ зэригуапэм, абыхэм нэхъри зегъэубгъуным зэрыщIэхъуэпсым.

А махуэм жылагъуэдэсхэм дагъэлъэгъуащ белорусхэм хьэщIэ зэрафIэфIыр. ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщытпежьащ къуажэм и Iэтащхьэ Кириллов Иван я пашэу, Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэхэр, белорус щыгъынхэмкIэ зэщыхуэпыкIарэ я лъэпкъ уэрэдхэмрэ усэхэмрэ жаIэу. КъытхуагъэувaIэнэм сыбыр щIыналъэр зэрыкъулей ерыскъыхэкIхэр тезт, белорусхэм я лъэпкъ шхыныгъуэ «драник»-ри хэту.

«Красный Черкес» щIыпIэм и муслъымэныкхъэм

КъыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэр ди лъэпкъэгъухэр щетIысэха, «Красный Черкес» къуажэ цIыкIур здэщыта, муслъымэныкхъэр къыздина щIыпIэм дежт. Ауэ, абы дынэсын ипэкIэ, дэ дыхуозэ зы илъэс 40 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, цIыху щэ бжыгъэ зыдэса Имшегал жылагъуэм. СыщIэупщIащ нобэкIэ абы цIыхуу дэсыжым. Си ныбжьэгъу зэщхьэгъусэхэу Гриневичи къуажэм щыщ Ерошевскэхэ Алексейрэ Светланэрэ къызатыжа жэуапым си гур хигъэщIащ - Имшегал къыдэнэжар нэрыбгэ 20-м щIигъу къудейщ...

Фигу къэзгъэкIыжынщи, 2023 гъэм иужьрейуэ Сыбырым сыщыщыIам, зэгуэр къуажэшхуэу щыта Имшегал (сыбыр мардэкIэ плъытэмэ) иджыри цIыху 95-рэ щыпсэурт. ЗэрыхъумкIэ, илъэситIым къриубыдэу, нэрыбгэ 67-м къуажэр ябгынащ. СызэреплъымкIэ, зы илъэскIэ а къуажэм зы цIыхуи къыдэнэжынукъым. Абы иужь Имшегал жылагъуэр, зэгуэр Кавказым ирахуа адыгэхэмрэ абазэхэмрэ гъаблэм къезыгъэла къуажэшхуэр, сыбыр картэм икIуэдыкIыжынущ, нэгъуэщI къуажэ мин бжыгъэми хуэдэу. Сыту гуауэ ар зыхэпщIэну...

Транспорт лъэщкIэ мыхъумэ, «Красный Черкес» щIыпIэм, абы щыIэ муслъымэныкхъэм уекIуэлIэфынукъым. Ари гурыIуэгъуэщ. АтIэ, иужьрейуэ а щIыпIэм цIыху зи цIэ щыщыпсэуар 1951 гъэхэращ... ИужькIэ, абы зи лъэ нэзыхусар зырызыххэ дыдэщ, Аргун Хьэлымщ (Тхьэм здэкIуам щигъэтынш) фэеплъ гъуэгур хэзышауэ щытар.

Сыт хуэдэ ятIэ-псылъэми пхыкI трэколым, «Хищник» цIэ шынагъуэр зиIэм, иджыри нэгъуэщI зы автотранспорт лъэщ дыдэм дитIысхьэри, «Красный Черкес» щIыпIэм дынэсащ.

Хабзэм зэрытету, япэщIыкIэ кхъэм и ихьэпIэм динырылажьэр щетIысхри, Тхьэм елъэIуащ, дыуэ ятрищIащ хьэкъи лажьи зимыIэу зэхэзехуэн ящIа ди лъэпкъэгъу тхьэмыщкIэхэм, уеблэмэ нэмэз щIыгъуэр къэсати, ари абдеж щищIащ...

Сыбырым сежьэн ипэ, сызэрыкIуэм и хъыбарыр зэхэзыха ди нэхъыжьыфI Молэ Рэшид (ар къыщалъхуар и Iыхьлыхэр здахуауэ щыта Сыбыр щIыналъэращ) си деж телефонкIэ къэпсалъэри, къызэлъэIуащ адыгэ дей здэсхьу, кхъэм ихъуреягъым е пэгъунэгъуу щызгъэтIысыну. «Езыхэр здрахуауэ щыта щIыналъэм щыщ жыг къыщыкIмэ, ари я псэм лъэIэсынкIэ хъунущ», - жиIащ абы...

Ди нэхъыжьым и лъэIур дгъэзэщIащ. Атиркэ жылагъуэм и Iэтащхьэ Иван Иванович джыдэкIэ щIыр кърихудурэ, дейр кхъэм и гъунэгъуу щыдгъэтIысащ.

КъинэмыщIауэ, сыбыр кIуэгъуэ къэс апхуэдэ хабзэ къащтауэ, абдеж мэл щаукI, IэфIыкIэхэри щIагъужри, сэдэкъэ папщIэу тхьэмыщкIэхэм хуагуэш. Иджыри апхуэдэу тщIащ. Молэ Ахметов Радик а Iуэхур нэгъэсауэ зэфIигъэкIащ...

Фэеплъ Iуэхухэм пытщащ къыкIэлъыкIуэ махуэми. Жэпуэгъуэм и 17 пщэдджыжьым КъШР-м икIа гупыр, хэгъэрейхэри тщIыгъуу, удз гъэгъахэр тIыгъыу декIуэлIащ Тарэ къалэм дэт кхъэжьым. Абы и дыхьэпIэм деж ди хэкуэгъу Аргун Хьэлым тхьэмыщкIэм езым и жэрдэмкIэ щиухуауэ щытащ фэеплъ сын.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, политикэ залымыгъэм и зэманым ди лъэпкъэгъу куэд щаукIащ а къалэм. Кхъэм щыщIамылъхьэжами, а къалэм и Iэхэлъахэм я хьэдэхэр щIэлъщ. Апхуэдэ насыпыншагъэ зылъэIэсахэм я фэеплъыр дигу имыхун папщIэ, Тарэ къалэм сын дэтын хуейуэ къилъытауэ щытащ Хьэлым. А IуэхумкIэ Быж Исмели дэIэпыкъуэгъу хуэхъуат...

Сыным декIуалIэри, абдежми дыуэ щытщIащ, удз гъэгъахэр щыдгъэтIылъащ.

Сыту телъыджэт Бобровкэ!

Тарэ къалэм километр 50 хуэдизкIэ пэжыжьэщ латыш лъэпкъыр щыпсэу Бобровкэ жылагъуэ цIыкIур. Унэ 60 хуэдиз зытес хьэблэм (жылагъуэр зы хьэблэ фIэкIа хъуркъым) дыдэлъэда къудейт, ипэкIэ зэхэзмыха бзэкIэ жаIэ уэрэдым щэнхабзэмкIэ унэр зэщIиIэтэу къыщыIуам...

Сыбыр мэзым щIигъэна щIыпIэ дахэм ит жылагъуэ цIыкIум дэсыр столыпин реформэхэм я зэманым мы щIыналъэм зэгъэуIуауэ щетIысэха, илъэси 128-м щIигъуауэ мыбдеж щыпсэу латышхэращ.

Латыш щыгъынкIэ зэщыхуэпыкIауэ къытпежьа бзылъхугъэхэм къыджаIащ я лъэпкъэгъухэр япэ дыдэ мы щIыгухэм 1897 гъэхэм къызэрыщетIысэхар, икIэщIыпIэкIи къутыр зыбжанэ зэрызэрыгъэхъуар. Ауэ коллективизацэм и зэманым, 1930 гъэхэм, къутыр цIыкIухэр зэхыхьэжри зы жылагъуэ нэхъ ин - Бобровкэр - къагъэщIащ. Нэхъапэм абы цIыху 500-м хуэдиз дэсащ, нобэ къуажэм къыдэнэжар цIыху 70-м щIигъущ, сабиитху яхэту. Абыхэми латышыбзэр ящIэжыркъым урысыбзэкIэщ зэрыпсалъэр.

Бобровкэ латыш жылагъуэ цIыкIум ди нэгу зэрызригъэужьар иджыри дгъэщIагъуэ щIыкIэт Большеречье жылагъуэм дэт «Старина Сибирская» музей-заповедникым дыщекIуэлIам... ЖаIэкIэ, яIуатэкIэ мыхъуу, зэи сымылъэгъуа пасэрей сыбыр хэщIапIэт ди нэгу къыщIэувар. Къэрал тхыдэ-щэнхабзэ музей-заповедникым и куэбжэм узэрыIухьэу XIX лIэщIыгъуэм укъыщыхутауэ къыпщохъу... А музей-заповедникыр ялъытэ Омск областым и «тхыдэ псэур» нэIурыт зыщI теплъэгъуэ телъыджэу. Музей-заповедникым дэтыр псори пхъэм къыхэщIыкIа пасэрей унэжь цIыкIухэщ, лъэщапIэхэщ. Абы махуэ псо удэтмэ, зы унэм ущIэкIмэ, адрейм ущIыхьэу, зыхэпщIэнущ Сыбырым щыIа щыIэкIэ-псэукIэр.

Гум къыбгъэдэкIыр фIыщIэрэ гуапагъэрэщ

Ауэ сытми жаIэркъым: «Гум къикIыу пщIэр псэм лъоIэс». ЗэфIэтха Iуэхухэм ди гумрэ ди псэмрэ ягъэтыншауэ, тлъэгъуамрэ зэхэтхамрэ датхъэкъуауэ дыкъекIуэлIэжащ. Къытхуэнэжыр фIыщIэ ин яхуэтщIынращ ди фэеплъыр къыддэзыгъэлъэпIахэм, пщIэшхуэ къытхуэзыщIа сыбырдэсхэм.

Тхьэм я гукъыдэжым хэмыщIу, гуапагъэм игъэлъапIэу игъэпсэухэ!

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Жылагъуэ

Я щIэныгъэр къапщытэж

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм епщIанэу щекIуэкIащ «Этнографие диктанткIэ» зэджэ Дунейпсо щIэныгъэ-узэщIакIуэ Iуэхугъуэшхуэр. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр къэIэтыным хуэунэтIа, жылагъуэхэм къадекIуэкI хабзэхэмрэ дауэдапщэхэмрэ, лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ цIыхубэ зэхэтыкIэхэмрэ гулъытэ хэха яхуэщIыным, этнографием теухуауэ цIыхум яIэ щIэныгъэм хэгъэхъуэным, зи хэкурэ зи лъэпкърэ фIыуэ зылъагъу щIэблэ къэгъэтэджыным хуэгъэпса Iуэхугъуэр цIыхубэм къащтащ, абы фIэфIу хыхьэхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хохъуащ, нэхъыщхьэращи, зы хэгъэгум щыпсэу лъэпкъхэм я щыIэныгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм куэд хуригъэплъэкIащ.

ХАБЗЭ зэрыхъуащи, «Этнографие диктантыр» щэкIуэгъуэм и 1 - 8-хэм къэралым и щIыналъэхэм щокIуэкI. ЖэрдэмщIакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, дызытет дунейм зиужьыным, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэным хуэунэтIауэ хъугъуэфIыгъуэ куэд хэлъщ дэтхэнэ лъэпкъым и гъащIэмрэ щыIэныгъэмрэ. Лъэпкъхэр зэрыщIэныр икIи зэлъэIэсыныр, зым и фIыгъуэхэр адрейхэм ягъэлъапIэу, ялъытэу щIэблэр къэгъэтэджыныр мамырыгъэм телажьэ Iуэхущ. Этнографием зыхуигъэувыж къалэнхэм ящыщщ блэкIам, щыIэмрэ къекIуэкIымрэ, къэкIуэным я лъабжьэр къэтIэщIыныр, нэхъыфIу къыхэкIыр цIыхубэм зэдай яхуэщIыныр. Аращ диктантым унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу игъэувыр.

Мы бжыгъэхэми куэд къыбжаIэ. «Этнографие диктантыр» япэ дыдэу утыку щихьар 2016 гъэрщ. Абы щыгъуэ а Iуэхугъуэм цIыху мин 90-м щIигъу хэтат. 2022 гъэм Ар ятхащ Урысейм и щIыналъэ 89-мрэ хамэ къэрали 184-мрэ щыпсэу цIыху мелуани 4-рэ мини 100-м нэблагъэм.

«ЦIыхубэ диктантым» игъэгушхуэу Удмуртым Лъэпкъ политикэмкIэ и министерствэмрэ удмурт щIалэгъуалэмрэ я жэрдэмкIэ къыхалъхьа «Этнографие диктантым» зыхуигъэувыж къалэнхэм хохьэ къэралым щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэрыцIыхум, зэрызэлъэIэс-зэрызэхущытщIыкIэхэм, дэтхэнэми бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэм зэрыщыгъуазэр наIуэ къищIыныр, зыщыщ лъэпкъымрэ зыщыпсэу хэгъэгумкIэ яIэ псэкупсэ гурыщIэхэр къиIэтыныр.

- КъызыхэкIыр гурыIуэгъуейми, дэ нэхъыфIу дощIэ Инджылызым е Франджым я тхыдэр, нэхъыфIу дыщыгъуазэщ хамэ къэрал щыпсэу лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэм, ауэ, зы къэрал дыщыпсэу пэтми, къызэрымыкIуэу мащIэщ хэтщыкIыр ди гъунэгъу лъэпкъхэм я псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэм. Ар къемызэгъщ, уеблэмэ щIэщхъу бзаджэхэм уахуэзышэ Iуэхущ. Илъэс зытIущ ипэкIэ къэралым и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ящыщ зым къыщыIуат Дагъыстэныр хамэ къэралу къызыхэщ зы хъыбар. Куэд дыдэ къигъэуIэбжьа пэтми, махуэ псом къытригъэзэжурэ а нэрылъагъу пщIыр телевиденэм щыIуат. Ар щIэныгъэншагъэ къудейкъым, ар дызэрызэрымыщIэм, щхьэж ди щIыналъэм адэкIэ къыщыхъум дыщыгъуэзэну дызэрыхуэмейм я щыхьэтщ.

Апхуэдэ щытыкIэм дыкъикIын зэрыхуейрэ куэд щIащ, ауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ едгъэкIуэкI мы узэщIакIуэ жэрдэмым къегъэлъагъуэ абы и лъэныкъуэкIэ зэфIэгъэкIын хуейуэ мымащIэ къызэрытпэщылъыр. Ди гуапэ зэрыхъущи, жэрдэмыр гъунэгъу щIыналъэхэм къыддаIыгъащ, дяпэкIи абы зиубгъуурэ кIуэну дыщогугъ, - жиIэгъат Удмурт щIыналъэм лъэпкъ политикэмкIэ и министр Петров Эдуард.

КъулыкъущIэм зи гугъу ищIар нахуэ хъуащ. НобэкIэ жэрдэм щIагъуэм зеубгъу, еджапIэ нэхъыщхьэхэм къищынэмыщIауэ, абы уэру къыхохьэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущ IапIэхэри, къулыкъущIапIэхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри.

КъызэгъэпэщакIуэхэм зэраубзыхуамкIэ, диктантыр Iыхьиту зэхэтщ. Зы Iыхьэм упщIэ тIощI хуэдиз къызэщIеубыдэ. Ахэр псоми зэдайуэ, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ этнографие Iуэхугъуэхэм хуэгъэзащ. ЕтIуанэ Iыхьэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я этнографием хуагъэпсащ. Ахэр щIыналъэ къэс зэщхьэщыкIыу, лъэпкъхэм я щхьэхуэныгъэхэр къытещу зэхэгъэуващ.

Урысейм и кIуэцIкIэ диктантыр щатхыну щIыпIэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Мы гъэм ар щIыпIэ мин 30-м нэблагъэм щатхащ. Хабзэ хъуауэ, дунейпсо Iуэхугъуэр ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэщащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм, лъэпкъ библиотекэхэм, щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэмрэ я Iуэхухэм пыщIа къулыкъущIапIэхэм. Ар Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щатхащ. Абы къыхэкIыу, Iуэхугъуэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр урысыбзэкIи, инджылызыбзэкIи, испаныбзэкIи ягъэхьэзыращ. А бзэхэм ирипсалъэхэми Iэмал яIащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зэрацIыхур къапщытэжыну.

«Этнографие диктантыр» щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшыки, щIыналъэхэми, къуажэ пхыдзахэми. Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым диктантыр щатхыну щIыпIэ 60-м щIигъу ягъэнэхуащ. Студентхэм, ди щIыналъэм хьэщIэу щыIэхэм, зыплъыхьакIуэхэмрэ зыгъэпсэхуакIуэхэмрэ диктантыр щатхащ абы хухахауэ Налшык къалэм дэт щIыпIиплIым - Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым, Iэбу-Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр ислъам университетым.

Диктант тхыным дакъикъэ 45-рэ хухахащ. Iуэхугъуэм хузэхалъхьа упщIэхэр щIэныгъэ-узэщIакIуэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIахэм зэрагъэпэща сайтым къыщыхьащ: www.miretno.ru. Диктантым хэтахэм Iуэхур къазэрехъулIар 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 13 пщIондэ къащIэнущ, дэтхэнэми и лэжьыгъэм кърикIуамрэ зэрыхэтамкIэ щыхьэт тхылъымрэ иратыжынущ.

Мы Iуэхугъуэ дахэр КъБР-м и унафэщIхэми гуапэу даIыгъ. Апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и советым и унафэщI Егоровэ Татьянэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIауэ щыта диктантыр зытхыну къызэхуэсахэр тригъэгушхуэу жиIэгъат: «Мыпхуэдэ диктантыр къызэрыхалъхьэрэ илъэс зыбжанэ мэхъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар гъэ къэс дунейм и щIыналъэ куэдым щокIуэкI. А Iуэхум къыхыхьащ космонавтхэри. Абы къегъэлъагъуэ диктантым и мыхьэнэр мы зэманым зэрыиныр. Ди гуапэ мыхъуу къанэркъым а жэрдэмыр ди къэралым къызэрыщыхалъхьар. Урысейр щIыналъэ куэду зэхэт къэралыгъуэщ икIи абы щопсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 190-м щIигъу. Абы къыхэкIыу нобэ щхьэж и тхыдэрэ щэнхабзэрэ зэрищIэжым хуэдэу, адрейхэми я хабзэхэм щыгъуазэу щытыпхъэщ - ар лъэпкъхэр зэкъуэт дызыщI Iуэхущ. Диктантыр Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу зэрыттхми абы и мыхьэнэм хегъахъуэ. Дэтхэнэми Iэмал иIэщ и щIэныгъэр здынэсыр къихутэжыну, апхуэдэуи си фIэщ мэхъу щIэ куэди мыбдеж къызэрыщащIэнур. Гу зэрылъыттащи, гъэ къэс мыпхуэдэ Iуэрытхым хэтыну хуейхэм я бжыгъэм хохъуэ, сэри сфIэфIу абы сыкъырохьэлIэ».

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр жыджэру хэтащ Iуэхугъуэм. Диктант тхыным къекIуэлIат ди щIыналъэм щыщу еджапIэм щIэсхэм я мызакъуэу, хамэ къэрал къикIа щIалэгъуалэри. Мыгъэрей Iуэхур Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым траухуащ. Абы къыхэкIыу диктантым къызэщIиубыда Iуэхугъуэхэри къэралымрэ щIыналъэхэмрэ я зауэ тхыдэм нэхъ тещIыхьауэ щытащ. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м Урысеймрэ Кавказымрэ я тхыдэр джынымкIэ и кафедрэм и доцент Журт Анжеликэ къызэрыхигъэщамкIэ, Урысейм щыпсэу лъэпкъыбзэм я этнографием ухэплъэныр удзызыхьэх Iуэхугъуэщ, умыщIэм ущIигъэупщIэм, пщIэр зэрыуигъэгъэзэхуэжу. Узэригъэгупсысэм, уи щIэныгъэр щIэрыщIэу зэрыщIыуигъэплъыкIыжым къыхэкIыу, диктантыр къызэрымыкIуэу щхьэпэщ, жылагъуэ жэрдэм щIагъуэ куэдми я псыпэхэш зэрыхъунури хьэкъщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Зауэм и бынхэр

Хуиту дыбэуэжат

ЩIыгур зыгъэхыщIэ, гъащIэр зыгъэутхъуэ, гухэщIыр цIыхубэм къыхуэзыхь уз бзаджэу лъахэм къытепсыхат Хэку зауэшхуэр. ГуащIэрыпсэухэм я гугъапIэ дахэхэр къахузэхакъутат ди лъахэр зэзыпхъуэну къизэрыхьа хьэкIэкхъуэкIэхэм.

БИЙ ерум пэщIэуващ ди зауэлI хахуэхэр. ЩIыналъэм и бын пэжхэм яхузэфIэкIащ зэрыпхъуакIуэхэр ирахужьэжыну, хагъэщIэну. Ауэ ди нэхъыжьыфIхэм я гущхьэм дыркъуэу къытенащ а зауэ гущIэгъуншэм къихьа хьэзабышхуэр. Нобэр къыздэсми япкърытщ абы и Iэужьыр зи сабиигъуэр зауэ гуащIэм хиубыдахэм. Хэкум папщIэ тэджахэм къагъэна лэжьыгъэ хьэлъэм ахэр пэрытащ къимыкIуэту. Абыхэм ящыщ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэм щыщ Джэданэ Ахьед.

- Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэр ди деж къыщысам сыцIыкIут. Быным еянэу сакъыхэхъуа къудейт. Си анэкъилъхухэм жаIэжу зэрыщытамкIэ, а хъунщIакIуэхэр ди къуажэм къыщыдыхьам унагъуэхэр щIащыкIырт, къаIэрыхьэр зэщIакъуэу. Сэ еянэу унагъуэм сакъыхэхъуауэ арати, щынэ цIыкIу си адэм схуиукIыну къыстриIуам кIэ иратат а гущIэгъуншэхэм. Си адэм мащIэ и фэм дэкIакъым а зэманым, къуажэм дэлъ мылъкум кIэлъыплъыну къыданахэм ящыщти, лъэкI къимыгъанэу хузэфIэкIыр ищIащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр куэдрэ дагъэтакъым жылэм, ди зауэлI хахуэхэр къэсри, къыттеуа гущIэгъуншэхэр дахужащ. Тщхын дымыгъуэтми, хуиту дыбэуэжат. Къуажэм дэт IуэхущIапIэхэм ящыщу фа-

шистхэм гущIыхьэу зэтрагъэсхьахэр, зэтракъутахэр хуэмурэ зэфIагъэувэжащ, си адэ-анэри си анэкъилъхухэри яхэту. Ахэр жэщ-махуэ ямыIэу лажьэрт. Дэ, нэхъ цIыкIухэр, дыщIэст унэм, зым адрейр дыдэIэпыкъуурэ, унагъуэ Iуэхур зэфIэдгъэкIауэ къэдгъэкIуэжу. Сабийуэ 13 дыхъуу щытати, плIыр цIыкIуу дунейм ехыжат.

Классибл фIэкIа къэзмыухауэ школым сыкъыщIэкIри, колхозым сыхыхьащ, армэ кIуэгъуэ хъухукIи сылэжьащ. А зэманым къулыкъур епхьэкIын хуейт илъэсищкIэ. Зы илъэсым ирагъаджэрт, зыхуей зыхуэфIкIэ къызэрагъэпэщырт. ЕтIуанэм - Iэщэм хуагъасэрт. Ещанэм, а псори зэхэлъхьэжауэ зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, къэмылэнджэжу зауэм зэрыIухьэфыным хуэдэу гъэсауэ, унэм къагъэкIуэжырт. Мис аращ армэ жыхуаIэр, мы зэманым зы илъэсым псори зэфIагъэкI.

Къулыкъур къесхьэлIэу сыкъэкIуэжа нэужь, 1957 гъэм щыщIэдзауэ 1997 гъэ пщIондэ сыхэтащ колхозым, зы махуи сыкъыщIэмыхуэу жыхуаIэм хуэдэу.

Гугъуехь куэд плъагъуми, уи гур куэдым игъэхыщIэми, а псори пщхьэщызыхыр унагъуэм къыбдисхэрщ. Ахьед унагъуэ дахэ, бын щыпкъэ иIэщ. Абырэ и щхьэгъусэ ФатIимэтрэ быниплI зэдапIащ, зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ. Зэщхьэгъусэхэр зэрызэдэпсэурэ куэд мыщIэу илъэс хыщI хъунущи, дохъуэхъу нэхъыжьыфIу дяпэ итынхэу, быным я бынхэр къепщIэпщIэкIауэ, я гур хагъахъуэу куэдрэ я жьантIэм дэсыну.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.



• Фэеплъ

ТхакIуэ лъэужьыфIэ



Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къэжэр Пётр къызэралъхурэ илъэс 90 ирикъуащ.

КЪЭЖЭР Пётр Хьэиб и къуэр 1935 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. Абы ебланэ классыр къыщиуха нэужь, республикэм и интернат еджапIэм 1954 гъэм щIэтIысхьащ. АдэкIэ ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым, абы адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и къудамэр 1959 гъэм къиухащ. 1959 - 1961 гъэхэм Къэжэр Пётр щылэжьащ Налшык телестудием, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм. 1971 гъэм ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хыхьащ. 1982 - 1997 гъэхэм абы зэрихьащ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур, иужькIэ щылэжьащ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм.

Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэхэм ящыщ Къэжэр Пётр и къалэмыпэм къыщIэкIащ усэ куэд, гупсысэ куукIэ гъэнщIауэ. Абы усэ тхын щригъэжьам игу къэкIыххэртэкъым зэгуэр тхылъ къыдигъэкIыну, сыту жыпIэмэ, и щхьэ хуитхыжу арат. И усэхэм иригъэджэну япэу зыбгъэдыхьар КIуащ БетIалт. Аращ гъуэгугъэлъагъуэ, чэнджэщэгъу къыхуэхъуари. Пэжщ, школ-интернатым щыщIэсым усэ цIыкIу гуэрхэр иуцIырхъыу щIидзат, ауэ тхэн щригъэжьауэ ибжыр и япэ тхылъыр дунейм къыщытехьа 60 гъэхэращ.

1959 гъэм, телевиденэм мазищ къудей щылэжьауэ, абы ирашри «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм художественнэ литературэм пыщIауэ сабийхэм, балигъхэм папщIэ щыIэ и редакцэм ягъэкIуат ар. Абы и гъащIэм и Iыхьэф I, уеблэмэ и щIалэгъуэр щигъэкIуащ. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару лажьэ Мэлбахъуэ Тимборэ 1982 гъэм ириджэри, «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур къыхуигъэфэщащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и правленэм ягъэкIуащ. Пенсэм кIуэхуи абы щыIащ.

Япэ дыдэу уэрэд зыдитхар Къардэн Хьэсэнщ. КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэща хорым и унафэщIу щытащ ар абы щыгъуэм. Арат ахэр щызэрыцIыхуари. Япэу зэдатхар «Сызэхэх, си дахэ» уэрэдырщ. Ар университетым и хорым игъэзащIэу щытащ, радиоми ирагъэтхащ. Уэрэд нэхъыбэ дыдэ Пётр зыдитхар Жырыкъ Заурщ. Ахэр лъагъуныгъэм, цIыхугъэм ятеухуащ. ХьэIупэ ДжэбрэIили уэрэд хъарзынэхэр дитхащ, абы зригъэдаIуэ макъамэхэм псалъэхэр езыр-езыру къашэу. Макъамэр уигу щыдыхьэм и деж псалъэхэр езыр-езыру къакIуэу къыщIэкIынущ. Макъамэ дахэм псалъэр екIужмэ, уэрэдыр къохъулIауэ аракъэ?!

Литературэм хилъхьа гуащIэм папщIэ Къэжэр Пётр къыфIащащ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, «Печатым и отличник» дамыгъэр, щIыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Къэжэр Пётр и япэ усэ тхылъыр («Уэсэпс щыгъэ») 1961 гъэм къыдэкIащ. Абы иужькIэ, усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Шыхулъагъуэ», «Мыуэжьых мафIэ», «Гулъытэ» тхылъхэр; урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Налшык, Москва къыщыдэкIащ Къэжэрым и тхылъ зыбжанэ – «Газыри», «Чуткость», «Время жить», нэгъуэщIхэри. КъызэщIэпкъуэжмэ, Къэжэр Пётр и тхылъ 20-м щIигъу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшыкрэ Москварэ дунейм къыщытехьащ. ЦIэрыIуэ хъуа и усэхэр зи лъабжьэ уэрэдхэр, оперэ, музыкэ комедие зыбжанэми я либреттэхэр («Мэз таурыхъ», «Гум и щэхухэр», н.) абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Сабийхэм папщIэ итхащ «Албэч и къуэ Бекъан», «ЩIыхьэху» поэмэхэр.

Зи гуащIэр ин, куэд зылэжьа Къэжэр Пётр сабий литературэм зиужьыным хэлъхьэныгъэфI хуищIащ, IуэрыIуатэм къытрищIыкIыжа тхыгъэ, сабий усэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ди литературэмрэ щэнхабзэмрэ зэи лъэужьыншэ щыхъунукъым абы и тхыгъэ купщIафIэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

* * *

ИIэщ гъащIэм,
Зыгуэру,
Зы пщалъэ -
КъекIуэжыну
Ныбжьыгъуэ къэсыху.
Абы щыгъуи
ИтIани дыщIалэщ,
Гухэхъуэм и дыгъэ
къепсыху.
Си щIалэгъуэм иIа
Си щIалагъэ,
Си шу щIахуцIэ
ЩхуэIуншэ шууей,
Уиш иплъхьуи
Сэ сщIэжкъым щэлъахэ,
КъомэщIэкIырт
ИтIани
Дунейр!
УщIэбжьахъуэуи
Гъуэгу удэхакъым.
ГъащIэ нэгуу уи нитIыр
Зэщыпст.
Сыту дахэт
А уэ уи дахагъэр, -
Уи щIалагъри
Къабзагъри
Зэщхьыпст!..
Си гугъащ
А ныбжьыгъуэ
ЩIэщыгъуэм
КIэ имыIэу,
Хуэмейуэ иIэн.
Ирибжьыжу
Нэхъыжьхэр
Я жыгъэм.

Тхъугъэ лъэпкъи
Си щхьэц къемыIэн.
Нобэ соплъэ
Щэху-щэхуурэ гъуджэм.
Гъуджэм,
ДаунеI,
ПщIы тIэкIу къысхуеупс:
ХэщI къысфIэщIми
Сэ си щхьэц хубжэм,
А къэнари,
Къэнари сокIупс.
Фаджэ сащIкъым сэ
НатIэ лэдэххэм,
Сыт сыщIащIыр!..
Сэ схуэдэр гъунэжщ.
Гъуэгу сытету
НэхъыщIэ къыздэхIи,
Ар къысщыхъуркъым сэ
Гукъинэж.
Сэ зыстакъым!
Зыстынкъым итIани!
Си уэрэдми
ИIэнкъым зэи кIэ:
Тетщ и гъуэгу
Си щIалэгъуэ къуданыр,
Ар псэуухкIэ
КъикIынщ сэ си кIэн…
СызыщIар
Мы зы махуэ гущкIэщI сэ,
Мы зы махуэ
ГущкIэщIи сэ сщIар.
Бгым я задэм
СыдэкIми сфIэкIэщIт сэ,
Бгым я задэр
Иужьщ къыщысщIар.

Уи щIыналъэм лъабжьэр хэкIэм, Уэ жылапхъи ухъужынщ...

КIыщокъуэ Алим и усэ сатырхэм къагъэнаIуэу къытщохъу мы тхыгъэм щIэлъ гупсысэри. Адыгэхэм я тхыдэр зыми ейм хыумыгъэгъуэщэну къулейщ. Абы къэдгупсыса хэткъым, ди лъэпкъ щэнхабзэм зэман зэхуэмыдэхэм теткыхьа зыплъыхьакIуэхэм къагъэна тхыгъэхэр нэхъыбэу ди тегъэщIапIэщ. Нобэ адыгэр зэбгрыдзауэ псэуми, зэрахузэфIэкIкIэ яхъумащ, лIэщIыгъуэхэм къыпхахри, ди зэманым къахьэсащ адрейхэм дакъызэрыхэщу, дыкъызэралъытэу щыта ди хабзэ нэхъыфIхэр, лъэпкъ фащэр, къафэр, анэдэлъхубзэр.

АУЭ зэманым езым и хабзэхэри иIэжщ, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр зымыгъуэти щыIэу къыщIэкIынкъым. Пасэрейм адыгэм игъэлъапIэу щыта Iуэхугъуэхэм, нобэ ди хабзэхэр зэрахъумэм дыщагъэгъуазэ Адыгэ Республикэмрэ Кубанымрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Щам Сафиетрэ «Краснодар хъыбархэр» къыдэкIыгъуэм и лэжьакIуэ Банщиковэ Юлиерэ.

Щам Сафиет езыр къыщалъхуари къыщыхъуари Краснодарщ. Зэрысабийрэ къызыхэкIа лъэпкъым и къуэпсхэр зыхищIэу къекIуэкIащ. «Краснодар щIыналъэр зи щIыпIэу щыта адыгэхэм нэхъ мыхъуми я зэгухьэныгъэ, творческэ гуп абдеж щIыщамыIэжыр сыт?» А упщIэм псэугъуэ къримыту щыхъум, бзылъхугъэм и Iуэхур къыдэзыIыгъхэр зэхуишэсурэ илъэс тIощIрэ тхурэ ипэ Адыгэ щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэ къызэригъэпэщащ. МузыкэмкIэ езыгъаджэ Сафиет абы псом япэу къришэлIащ и еджакIуэхэр. Зи тхыдэрэ щэнхабзэрэ зыщIэну, зыхъумэну хуэпабгъэ цIыхум и мурадри къехъулIащ.

- Адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ дахэм курыт школхэмрэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэмрэ сащыхутепсэлъыхьын щIэздзащ псом япэ. Апхуэдэ зэхуэсхэм къезгъэблагъэрт урысхэри, ермэлыхэри, тэтэрхэри, нэгъуэщI лъэпкъ куэдми щыщхэр, - жеIэ цIыхубзым. - Ауэрэ гупышхуэ зэщIэдгъэуIуащ - еджакIуэхэм я адэ-анэхэри, адыгэ Iуэхум арыххэу дихьэххэри къытхыхьащ. Къафэм, бзэм, макъамэм я IэщIагъэлIхэри къыддэлэжьэну къыкъуэкIащ. Ди IуэхущIапIэм къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм школхэми Пономаренкэм и цIэр зезыхьэ Краснодар филармониеми концертхэр щату щIадзащ. Илъэс зыбжанэ дэкIри, «Iуащхьэмахуэ» зыфIэтща ансамблыр, дызэрыпагэ бгым и цIэкIэ, къэунэхуащ. Нобэ ди IуэхущIапIэр хэтщ Краснодар щIыналъэм «Лъэпкъ щэнхабзэхэмкIэ центр» и жылагъуэ зэгухьэныгъэм, диIэщ адыгэ хабзэм,

адыгэбзэм, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм щыхурагъаджэ школхэр.

«Iуащхьэмахуэ» ансамблыр жыджэру хэтщ Кубаным щекIуэкI къэрал Iуэхухэм, лъэпкъ псэукIэр хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэм яхъумэфынымкIи щIэгъэкъуэн мэхъу: Тыркумрэ Абхъазымрэ щыхэхэсхэм ансамблыр яхохьэ. Сочэ къалэм 2014 гъэм Олимп, Паралимп джэгухэр щыщрагъэкIуэкIам къызэрагъэпэща «Адыгэ унэм» и гуащIэ хилъхьащ мы IуэхущIапIэм. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, Кубаным щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр егъэхъумэным, щIалэгъуалэр щIэпхъаджагъэм пэIэщIэ щIыным хуэгъэзауэ щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэшхуэми ар хэтщ. Адыгэ ныпым, Фащэм, Анэдэлъхубзэм я махуэхэм зэхуос, пщыхьэщхьэхэм «Адыгэ джэгу» зэхашэ. IуэхущIапIэм илъэс къэс къызэрегъэпэщ «Си уэрэд – си Адыгей», «Кубаным ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» адыгэ фестивалхэр.

- Ди IуэхущIафэр нэхъыщхьэу зытедухуэр лъэпкъхэр зэгурыIуэзэдэIуэжу дызэрыпсэунырщ, абы щхьэкIэ зым адрейм пщIэ хуищIу щытын хуейщ. Уи лъэпкъым и хабзэфIхэр пIыгъыжыныр узыгъэлъэщщ. Дэ ди къэралым и щэнхабзэ къулеягъыр лъэпкъ зэмылIэужыгъуэ куэдым я хабзэхэращ, - къыхегъэщ Щамым.

Адыгэ хабзэмрэ удж хъуреймрэ

ЗэрыжытIауэ, Адыгэ щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэм адыгэбзэри щрагъэдж, макъамэ Iэмэпсымэхэми щыхуагъасэ. Гупжьейхэм екIуалIэр адыгэхэм я закъуэкъым, атIэ ди лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэр зыфIэдахэ нэгъуэщI куэди яхэтщ. Абдеж щадж адыгэ диалектитху: бжьэдыгъу, кIэмыргуей, къэбэрдей, шапсыгъ, убых. «Убыхыбзэм ирипсалъэу щытахэр Къуэбыдэ дэсащ. Сэ си адэмкIэ абыхэм сащыщщ, Дыгъэмыкъуэ Зауркъан срипхъущ», - жеIэ Сафиет.

«Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркъым» - жаIэ адыгэхэм. ЩIэм зэрыхущытыпхъэм, нэхъыжьым пщIэ зэрыхуащIым, цIыху хэтыкIэм - псоми гулъытэ щыхуащI мы IуэхущIапIэм. КъищынэмыщIауэ, адыгэ къафэмкIэ школым екIуэлIэну хуитщ ныбжь зэхуэмыдэхэм итхэр.

Адыгэхэм я къафэр адрейхэм къахэзыгъэщыр къызэдэфэхэр зэIусэ зэрымыхъунрат. Ауэ зы къафэ закъуэм - «Уджым» - а хабзэр ехьэлIатэкъым: щIалэм хъыджэбзым и Iэр иубыд хъурт. Пасэм щыгъуэ а къафэр ягъэзащIэрт щыблэ зэуа жыгейм и хъуреягъкIэ еувэкIауэ. Адыгэхэм апхуэдэ жыгыр ягъэлъапIэрт. Апхуэдэуи удж хъурейр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм траухуэрт: гъатхэпэм, гъавэ Iухыжыгъуэм, илъэсыщIэм. «Сыт хуэдэ джэгури зэрызэхуащIыжыр уджращ. Абы цIыхур зэрешалIэ: щызэбгъурыткIэ нэхъ къарууфIэ хъу хуэдэу къафIегъэщI, зытет я щIым, лъэпкъ хабзэм я лъабжьэр хигъакIэми ярейуэ. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэ къует удж хъурейм», - жеIэ цIыхубзым.

Къудамибл - шэху уэздыгъибл

Адыгэхэм махуэшхуэхэр яIащ мажусий диныр щыщыIа лъэхъэнэ лъандэрэ. Абыхэм ящыщт гъатхэпэм и 21 - 22 махуэхэр - гъэрэ щIырэ щызэхэкIыр. Адыгэхэр абы илъэсыщIэкIэ еджэ хъуащ, гъатхэр къызэрырагъэблагъэм и щыхьэту. А махуэм жылэр зэрыщыту, я нэхъыжьыр я пашэу, щIыпIэ хэхам дэкIырти, Тхьэ елъэIурт щIэблэщIэ къащIэхъуэну, гъавэр бэв хъуну. АдэкIэ унагъуэ-унагъуэу зэбгрыкIыжырти, ерыскъы щIэщыгъуэ куэд япщэфIырт. Нэхъ лъапIэ дыдэр IэшрыIырт - гъавэхэкIыу блы хэлъын хуейт хьэнтхъупсым (къэбгъэлъагъуэмэ, ди нобэми ар япщэфI). ИужькIэ хьэщIапIэ кIуэрт, ягъэхьэзыра шхыныгъуэхэр ягуэшу. А махуэшхуэм ирихьэлIэу щэкIуэныр зэпагъэурт, хьэкIэкхъуэкIэхэм я шырхэр зэтрамыукIэн щхьэкIэ.

Дыгъэгъазэм и 22-ри адыгэхэм Созрэщ и махуэшхуэу яIэтырт - илъэс псом жэщ нэхъ кIыхь дыдэрэ махуэр щынэхъ кIэщIымрэ теухуауэ. Зэрыхабзэу, а махуэм къудамибл зытет хьэмкIутIейм и лъэдийр ягъэщIэращIэрт. Къудамэ къэс шэху уэздыгъэ фIащIэрт, и щхьэкIэм кхъуей плъыжь тралъхьэрт. ИужькIэ унагъуэм нэхъыщIэ дыдэу ис цIыхубзым (дэкIуауэ щытыпхъэт) къуэкIыпIэмкIэ зигъазэрти, шэху уэздыгъэхэр щIигъанэрт. Нэхъыжьым уэрэд жиIэрти, итIанэ хьэмкIутIей башыр унэм щIахьэрт, Iэнэр къаузэдырт...

ЩIэблэр нэхъапэщ

Къалэ жыг хадэм къыщызэрагъэпэщ пшыхьхэр дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм траухуэ. Адыгэ Республикэр илъэси 100 зэрырикъуари Краснодар щIыналъэр къызэрыунэхурэ илъэс 85-рэ зэрыхъуари щагъэлъэпIам я гуащIэ халъхьэу, «Зэныбжьэгъухэр» пшыхьыр абыхэм я щIыхькIэ ирагъэкIуэкIащ. КъищынэмыщIауэ, IуэхущIапIэм и хьэщIэщым щIэныгъэлIхэр, Фелицыным и цIэр зезыхьэ музейм и лэжьакIуэхэр къррагъэблагъэурэ «стIол хъурейхэр» ирагъэкIуэкI. Апхуэдэ зэхуэсхэм щытопсэлъыхь Краснодар щIыналъэм щыпсэу адыгэхэм я ехъулIэныгъэхэм. Къыхэгъэщыпхъэщ щIыналъэм и губернаторым и ахъшэ саугъэтыр къыхуагъэфащэу, Адыгэ щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэм къызэрызэригъэпэщар шэрджэсхэмрэ къэзакъхэмрэ я щIэинхэм ятеухуа зэхыхьэри.

Сафиет зэрыжиIэмкIэ, лъэпкъитIыр зэгурыIуэу, зэрылъытэу мэпсэу. Абы и щапхъэу бзылъхугъэм игу къегъэкIыж къэзакъ генерал, Кубаным лэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь Громов Владимир и жэрдэмкIэ, къэзакъ зэгухьэныгъэм къахухигъэкIа ахъшэмкIэ я гъэсэнхэм хъурыфэ пыIэхэр хурагъэдауэ зэрыщытар.

Илъэс 20-м кърикубыдэу мы IуэхущIапIэм щызэблэкIащ, адыгэ щэнхабзэм дригъэхьэхащ цIыху мини 10-м щIигъу. Ар Краснодар дэс адыгэхэм я кIуапIэ, я зэхуэсыпIэ хъуащ. УкъызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм нэхъ куууэ зыщыбгъэгъуэзэным, и хабзэфIхэр пхъумэным, абы Iущыгъэ, пщIэ къыхэпхыным нэхъ Iуэху дахэ бгъуэтын?! Ахэращ зытелажьэр зи гугъу фхуэтщIа IуэхущIапIэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

УФ-м и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я союзхэм хэт, тхыдэтх, тхакIуэ, философ цIэрыIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и жыIэгъуэхэм щыщ, къалэмым къызэрыпыкIауэ, къыщыдиткIэ дегъэгуфIэ, дегъэгушхуэ. Гупсысэри, гушыIэри, акъылри, анэдэлъхубзэ шэрыуэри зы щызэрыгъэхъукIэ уахътыншэ гуэру зэхожыхь, адыгэбзэкIэ къэIуэта хъуам и фIыпIэм нэсу. Бзэр нэхъ махэ зэрыхъур щызыхэтщIэ мы зэманым ди нэхъыжьыфIым и жыIэгъуэхэр анэдэлъхубзэм и беягъэм гу лъыдэзыгъатэщи, ди гуапэу тыдодзэ.

Мардэншэ дуней

ЦIыхур губзыгъэ хъуми Iущ хъун щигъэтыркъым – сыт и пэрмэн.

ЩIыхьым хущIэкъуу ящIэр я щхьэм къыхуащтэ Iуэхущ.

ЩыIэщ цIыху куэд ахърэтым кIуэмэ дунеягъэкIэ нэхъ сэбэп къэхъуну.

Уэ къуагъ зыщI, хэIущIыIу тщIыныр ди Iуэхущ.

ФIэщхъуныгъэм дунейр ахърэту уегъэхьри, тета-темытауэ уохыж.

УпщIэ зыри зыхыумыщIыкIым жэуапкIэ ухэвыхьу щIумыдзэмэ, щIэныгъэ курыхщ.

Делагъэр щыуагъэу нэхъыбэм ябжыркъым – насыпу ялъытэу иропсэу.

Мурад быдэ бощIри, тIасхъэу къыщIокI.

Мышыури шыугъэри схуIухи, зэщыщхъу уиIэмэ къащтэ.

Ныбжьым къыкIэрыхуурэ хьэл-щэным зехъуэж.

ЦIыхуцIэ зиIэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэрыпсэуным хущIэкъу мыхъумэ, езы гъащIэр зищIысым егупсысыну хунэсыркъым.

ЛъэIум къикI щIагъуэ зэрыщымыIэр къащIэри махуэфI – лIэкIафIэкIэ зэрахъуэкIыж.

Птымэ пIамых чэнджэщымкIэ нэгъуэщIыр къыпхуэупсэнкIэ мэхъу.

Уи цIэр къыумызэгъыжмэ, уэри, нэгъуэщIхэми я зэранкъым – гъащIэри пIэм изагъэркъым.

Тхьэм зыхуит псори илэжьу къыщIэкIынукъым – цIыхур зыдэплъеинщ.

Емынэм щхьэ сызэрихуэрэт – щыжаIэр зы фIы гуэр ялэжьу губгъэн къыхэкIыжа нэужьщ.

Зэмыпсэлъэжхэм нэхъ пасэу зэрапэсахэр ярокъу.

ЦIыхур къэзыгъэгубжьын жумыIэнри бзагуэу ущытынри зыщ.

Къыхэпхын фIэкIа гъащIэм уээрыхуэупсэн уимыIэмэ тхьэмыщкIагъэщ.

Хьэр къугъмэ сфIэгуэныхьщ, ауэ къыщIызэхъуэпсэн щхьэусыгъуэ иIэуи сщIэркъым.

Псэр гугъу езыгъэхь лэжьыгъэр щхьэмкIи хьэрэмщ.

Иужьрей акъылым уэшх блэкIам и щIакIуэр гум къегъэкI.

Зызэзмыпэсхэр зэхуэмыфащэу щыткъым.

Мыхьэнэншэм и псалъэмэ, фIыми Iейми зэрагъэхь щыIэкъым.

Сыт хуэдэ щытыкIэм цIыхур итми, и лъэкIыныгъэр къомэщIэкI.

Зытеджалэри былымщ.

Къэбгъэубэлэцын сыт щыгъуи гъунэжу бгъуэтынущ – къаугъэ улъыхъуэмэ.

ДызыщIэупщIапхъэм и жэуапыр ди хьэзыру къытфIощI.

ЦIыхур сыткIэ арэзы пхуэщIын, къуаргъырэ пэт нэ иратар фIэмащIэщ.

Щхьэ закъуэ гъащIэм и къухьэжыгъуэм акъылыр къыкъуокI – хъыбарегъащIэ къыхуей щымыIэу.

ГъащIэ ныбжьым акъылкIэ удэгъуэгурыкIуэну гугъущ, щIыхь зыпылъри арат.

ЗэплъэкIыжынкIэ умыерыщ: япэрауэ, гъазэ уиIэкъым, етIуанэрауэ, блэкIар узыхуэмеймэ – узэгуегъэп, фIымэ – уи гур хегъэщI, ещанэрауэ, къэкIуэну зэманымкIэ зэранщ.

Я жьэр зэрахуэмыубыдым фIэкIа щхьэусыгъуэ ямыIэу псалъэ жагъуэ, псалъэ мышыухэр куэдым зэраутIыпщ.

Псори пщIэуэ къызэрыпфIэщIыр икIэщIыпIэкIэ зэ щэIугъуэм IэщIыб уегъэщI – абыкIи сэбэпщ.

Тетым тIэкIу хуэчэмми, тепщэгъуэр къылъысмэ къэрал зэрихьэфынщ, ауэ лирикэмрэ искусствэмрэ я псэм унафэщI техуэнукъым.

ЦIыхур къызэригъэщIрэ хэхауэ зыщIыпIи мыкIуэ гъуэгум тету солъытэ.

Щыуагъэр пэжым зыщигъэпсэху, и къалэным щытеплъэкъукI дакъикъэщ.

Гугъэ набгъэмкIэ IэмалыншагъэщыIэкъым – аращ ар ерыщу жэнэтым пэзыгъаплъэ къарур.

Хамэ насыпым дыкъыфIэIуэхукъым, итIани езым гуауэ къылъысмэ, ди лыр щIоуз.

Псалъэм и мыхьэнэр жызыIэмрэ зэхэзыхымрэ зищIысым елъыташ.

ЦIыхухэр Iэджэуи зэхадз, гурымыхьэр куэдкIэ нэхъыбэу, ауэ нэхъ мыкIуэмытэу ялъытэм и гъащIэ гъуэгум щыщу зы лъэбакъуэ лъэрызехьэми хуэчынукъым.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

Урысей МВД-м Налшык щиIэ управленэм и полицэм и участковэ уполномоченнэ, полицэм и капитан Нартокъуэ Анзор илъэсих хъу хъыджэбз цIыкIум япэ дэIэпыкъуныгъэ иритри, ар кърригъэлащ.

• ФIыщIэ

Сабийр къригъэлащ

ПЩЫХЬЭЩХЬЭМ полицейм и деж къэпсэлъащ Налшык къалэм и Александровкэ щIыпIэм щыпсэу цIыхубзыр икIи жиIащ и пхъум птулъкIэхэр зэхигъэзэрыхьу къемызэгъ ирифу къызэрымэхар.

Хабзэхъумэр псынщIэу кIуащ къэпсэлъам я деж. Офицерыр гъунэгъуу щыIэти, дакъикъэ зыбжанэм абы нэсащ. Унэм щыщIыхьам сабийр зэрыхьэлъэр къыгурыIуащ Анзор икIи Iуэхум псынщIэу яужь ихьащ. Апхуэдэ щытыкIэхэм деж щIэн хуейхэм зэрыщыгъуазэм и фIыгъэкIэ, а Iэмалхэр къигъэсэбэпащ, сабийми бэуэн щIидзэжащ.

ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм и гупыр къэсри, полицейр ящIыгъуу сабийр сымаджэщым яшащ. Дохутырхэм зэрыжаIамкIэ, полицэм и капитаным и чэзум хуищIа дэIэпыкъуныгъэм хъыджэбз цIыкIум и гъащIэр кърригъэлащ.

Сабийм и анэм хабзэхъумэм фIыщIэ хуищIащ гудзакъэ зэрыхэлъым, и IэщIагъэм зэрыхищIыкIым папщIэ, узыншагъэ быдэ иIэну, лэжьыгъэ гугъум ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Хъыджэбз цIыкIур сымаджэщым къыщIатхыкIыжащ, и узыншагъэр тэмэмщ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дыщэу щырэ зы домбеякърэ

Дуней псом грэпплингымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Грецием (Алыджым) и Лутраки къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ къэрал 15-м я спортсмен 350-м нэблагъэ.

УФ-м и щIыхьыр яIэту абы щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэр икIи медалиплI зэхьэзэхуэм къыщихьащ: 3-р дыщэу, 1-р домбеякъыу.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Аппаев Амир, Кумыщ Ибрэхьим, Мэржэхъу Мурат сымэ, Шурдым Амир ещанэ хъуащ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Шыхъуэстэн Руслан, Мэш Алим, Бэдракъ Рашид, Тхьэкъуахъуэ Мурадин сымэ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ IуэхущIапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2422
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.